# Хириял асх1абзабазул ва салафу ссвалих1иназул нух лъазе ва кквезе бокьаразе сайгъат

**Авалаб баб**
**Какил бицунеб бак1**

**К1иабилеб баб**
**Салафу ссвалих1иназул т1абиг1ат-г1амал**

**Лъабабилеб баб**

**Т1адег1анав Аллагьасул калам Къуръаналъул хиралъи**

**Т1ехь данде гьабуна Сасикьа Г1абдурах1имица**

**Ал – Ашбал 2008 сон.**

**Бисмиллагьи ррах1мани ррах1им**

Кинабго рецц ва щукру Т1адег1анав Аллагьасе буго, мунагьал рахчиги квер бакъиги Гьесдасан т1алаб гьабулеб буго. Нилъер нафсазул квешал г1амалаздасан ц1униги гьев Аллагьасдасан гьарулеб буго. Т1адег1анав Аллагьас т1овит1арав чи къосизавулев щивго вук1уларо, Гьес къосизаврав т1овит1изе к1олевги вук1уларо.

Дица нуг1лъи гьабулеб буго жиндие г1ибадат гьабизе бегьулеб цоги щибго жо гьеч1о абун цох1о Аллагь гурони, жив цогояв, жиндие г1ахьалчи гьеч1ев. Гьединго дица нуг1лъи гьабулеб буго х1акълъунго Мух1аммад, жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв, Гьесул лагъ вуго абун ва Гьес халкъалда дин малъизе вит1арав расулги вуго абун.

Диналъул ваццазе насих1атлъун, гьез мунфаг1ат боси бокьун, дица данде гьабуна гьит1инабго т1ехь, жинда жаниб исламалъул бищунго к1вар ц1ик1араб рукну как баялъул хиралъи бицараб. Гьелда хадуб дица хъвана муъминчияс хьвадизабизе кколеб т1абиг1ат г1амал баян гьабун, нилъеца жидедаса мисал босизе кколел салафу ссвалих1иназул хьвади щиб бук1арабги.

## Авалаб баб
## Какил бицунеб баб

Шагьадат бегьизабун хадуб Исламалъул к1иабилеб рукну буго как бай. Гьеб жиндир к1вар ц1ик1араб амруялъул бецен гьабун машгьурав г1алим чи Мака шагьаралъул Шафиг1иял г1алимзабазул муфти Ах1мад бину Зайнию Дих1ланияс абуна:

Нужеда лъай я диналъул вацал, нужедаги дидаги Аллагьас дин бич1изабеял, бит1араб нухги илгьам гьабун, шайт1ан нафсалъул квешлъиялдасан ц1унаял.

Х1акълъунго как - диналъул аслу буго, гьеб как мух1кан гьабурав чи жиндир дин мух1кан гьабурав чи вуго, гьеб как г1одог1ан гьабурав чи жиндир дин ч1унтизабурав чи вуго.

Бишунго к1удияб къварилъиги къабих1лъиги г1айибги буго какил к1вар гьабун гут1и, жамаг1атги рузманги хвезаби. Гьеб как байги жамаг1ат жумг1а байги буго Аллагьу Таг1алаяс жиндалъун даражаби рорхулеб, мунагьалги чурулеб, зоб - ракьалъул агьлуялъ бет1ергьанасе жиндалъун г1ибадатги гьабулеб жо.

Гьеб как бач1ого толаро ва дунялалъ как баялдаса машгъулги гьавуларо бахьи къосарав чи гурони. Гьев чиги ахираталда ц1акъ зах1матаб, халатаб г1азабалъулъ ва пашманлъи - къварилъиялъулъ ккола.

Жинца как тарав чи Аллагьу Таг1алаясул жинда ццим бахъарав чи вуго ва гьесул рух1 бахъиги куфруялда ккола, гьесул вусунеб бак1ги жужах1 бук1ула, ва гьев чи Аллагьасул лаг1нат (наг1ана) шварав чи вуго, зоб ракьалдаса жиндий рах1мат къот1арав чиги вуго.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1али асх1абасдасан х1адис бицана: дида Аллагьасул свалат, салам лъеяв авараг жинца абулев раг1ана: «муъмин чияс как тараб мехалъ Аллагьас гьесул гьумералда хъвала гьав чи вуго дир рах1маталдаса вахъарав чи ва дунги гьесдасан нахъег1ан къарав вуго абун. лагъас цо

фаризаяб как тараб мехалъ гьесул ц1ар жужах1алъул рагьуялда хъвала»-абун.

Жидеда Аллагь разилъаял Г1умар асх1абас ва Абу гьурайратица бицараб х1адисалдаги буго: Хирияв расулас абуна: «Жибраилас дий аят ц1алана, гьелъул маг1на буго: «гьел цере арал умматазда хаду цо къавм бач1ила жудеца как г1адада хвезабулел, шагьватазда (гьава- нафсалда) нахъе жалги рилъунел, гьел чаг1и жужах1алдаги ккола»- абураб. Цинги дица Жабраиласда гьикъана, дир умматалъ как тезе бугишха, дун хун хадуб абун, гьес абуна тезе буго. Ахир заман бач1изе буго дур умматалъ гьеб как хвезабулеб, г1уждасан гьеб нахъе бахъулеб, шагьватазда нахъе жалги рилъунеб, гьезие цо динар (гъуруш) лъик1аб лъун бук1изе буго как баялдасан»-абун.

Аллагьасул каламалъе: «къиямасеб къоялъ шафаг1ат щоларо Аллагьасулгун къот1и гьабурав чиясе гурони» - абураб, гьаб каламалъе маг1на гьабун Аварагас абуна: къот1и гьаби буго къойил балеб шуябго как абун.

Цогиги Аллагьасул свалат, салам лъеяв аварагас абуна Аллагь цо гьавун шагьадат бит1иялда хадуб, бишунго хирияб жо как бай буго абун.

Абу дардаица абуна бишунго лъик1ал лагъзал руго жидеца бакъ-моц1алъул хал гьабулел Аллагь рехсезе г1оло абун. Ай какил г1ужал ц1ехолел абурб маг1на буго гьеб.

Цоги абуна: къиямасеб къоялъ т1оцебе х1исаб-суал гьабулеб жо как буго, гьеб т1обан батани цогидалги г1амалал къабул гьарула, гьеб т1обан батич1они гьел г1амалалги нахъе ч1вала абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жинда Аллагь разилъаяв Абу гьурйратида абуна: Я Абу гьурайрат, дуца агьлу хъизаналда как бай абун амру гьабе, Аллагьас дуе ризкъи кьезе буго дуда рак1алдаго кколареб рахъалдасан - абун.

Г1алимзабз абуна: ракьалда инсанас сужда гьабун щинаб бак1алъ гьев чиясе ахираталда нуг1лъи

гьабула ва гьев хвараб къоялъ гьесда хаду маг1у гьабун г1одула - абун.
Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас абуна: бокьун как тарав чиясдаса дун рик1к1адав вуго – абун. (ай дир гьев чиясе кумек гьеч1о). Гьеб шуябго как т1обит1ун барав чиясе дун нуг1лъун ва нурлъун ватила гьел какал г1адада хвезарурав чи фирг1авнгун вахъизавила.

Жабраилас абуна: Я Мух1аммад, как тарав чиясул к1алги х1ажги закаг1ат сах1ги къабул гьабуларо - абун.
Гьеб как тарав чиясе инжил- тавраталда, забуралда лаг1нат кьун буго, гьесие зобалазги малаиказги лаг1нат кьола гьесие дур шафаг1атги х1авзги гьеч1о, гьев дур умматалдасанги гьеч1о- абун.

Жинца как тарав чигун цадахъ кваназе г1одор ч1еларо, гьев унтани ваккизеги инаро, хвараб мехалъ жаназагун цадахъги инаро. Гьесие саламги кьеларо, гьевгун гьалмагълъиги гьабиларо. Гьесул динги бук1уларо, гьесда божилъиги бук1уларо, гьесие Аллагьасул рах1маталдаса бут1аги бук1уларо ва гьев мунафикъзабигун жужах1алъул т1инада вук1ула.

Жинца как тарав чи горбода квералги руккун малаикзабаз кьабулаго вехъерхъун вачун жужахъалъув рехула ва Фирг1авнгун гьамангун къарунгун цадахъ г1азабалъулъ вук1ула. Как тарав чияс квен к1алалда аскоб босулеб мехалъ гьеб квеналъ абула лаг1нат лъеги дуда я Аллагьасул тушман дуца Аллагьасул ризкъиги кваналеб буго гьесул фарзги т1убалеб гьеч1о абун.

Как тарав чияс рет1араб рет1елалъ абула дир х1ал к1олеб ани дун гьесул черхалдаса лъутун инаан абун. Как тарав чи рокъоса къват1ив вахъараб мехалъ

гьесда жиндирго рукъалъ абула дур сафаралъулъ Аллагьас дуй гьалмагълъи гьабугеги ва мун сах саламат т1адеги вусинавугеян абун.

Имам Шаг1ранияс абуна (гьав ц1акъ к1удияв г1алим ва вали вуго) хирияв аварагас нилъ киназдасанго (ай г1алимзабаздаса) г1аммаб х1алалъ къот1и босана нилъеца как тарав чиясе баян гьабе абун гьеб шуго как баялъул хиралъиги гьезул адаб гьабурасе бугеб хирилъи т1ок1лъиги.

Гьаб заманаялъул муридзабаги мутаг1илзабиги ц1акъ гъафулал руго гьаб амруялъулъ ва жидеца шибго инкар гьабич1ого как тарал чаг1игун гьалмагълъи гьабулел, гьелгун цадахъ г1умру гьабулел гьезулгун дарам базаралъулъ г1ахьаллъи гьабула буго. Ва гьезда баян гьабулеб гьеч1о как тарал чаг1азе бугеб г1акъуба г1азаб ва гьеб как баразе бугеб ажру даражаги.

Гьаб амру буго ц1акъ дин хвезабураб амру. Дуца я дир вац, ц1акъ баян гьабе как диналъул к1вар гьеч1ел чаг1азул гьезий бук1ине бугеб г1азаб. Гьедин дуца баян гьабич1они мунги гьелгун цадахъ г1азабалъул вук1ине вуго ва дудалъун жужах1 боркьине буго ва мунги г1елмуялда г1амал гьабич1ездасан вук1ине вуго абун. Нилъее гьел г1алимзабазул баракат ва шафаг1ат щвайги. Амин.

Нужеда лъай, нужедаги дидаги Аллагь гурх1аял, как баялдаги жамаг1ат гьабиялдаги т1ад ч1ей буго киналниги лъик1лъабазе аслу, даража борхиялъеги баракат г1емерлъиялъеги нух, мунагьал чуриялъеги балагьал рорхиялъиги сабаб.

Аллагьасдаса х1инкъи (такъва) щола гьел каказда т1ад ч1ей гьабиялдалъун ва гьеб такъваги дин камиллъиялъе аслу буго. Дин камиллъиялъ гьев чи нахъ ч1вала къабих1ал пишабаздаса ва мунагьал гьариялдаса.

Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Гьал бусурбабазул агьлу иманги лъун Аллагьасдасанги х1инкъун

кквадулел ани дица гьезие зобал ракьазул баракатал рагьилаан»- абун.

Цоги Аллагьас абуна: «Гьел г1адамал бит1араб нухда кквадулел ани Дица гьезда жинца г1орц1изарулеб лъим гьекъезабилаан»- абун.

Как балеб агьлу ругеб бак1алдаса балагьал нахъе ч1вала,- гьеб как тарал чаг1азда балагьал рещт1улеб г1адин. Дуца абуге диналъул вац дица как балеб бугин, цогидазул дица к1вар гьабиларин абун. Нагагь балагь решт1ани гьеб лъик1асдаги квешасдаги г1амлъула. Гьелъие г1иллаги буго лъик1ал г1адамаз амру нагью гьабич1ого тей ва Аллагьасе г1оло квешлъи гьабулел г1адамал рик1к1ад гьарун гут1и.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас цо къоялъ асх1абзабазда абуна: нужеца абе «Я нижер Аллагь! Дуца нижеда гьоркьов жив къосарав ва дур рах1маталдаса вачахъарав чи гьавуге»- ян абун. Асх1абзабаз гьикъидал щив кколев шакъияв ва мах1румияв чи абун, аварагас абуна гьев вуго как тарав чи абун.

Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Вайлун буго жудеца как г1уждаса нахъе бахъун гьелъул к1вар гьабич1ого тарал г1адамазе»-ян абун. Гьеб вайлги жужах1алъул к1к1ал буго гьаб дунялалъул муг1рул жинда жани лъуни гьел риун унеб жиндир боркьиялъ. Гьеб бак1 какил к1вар гьабич1ого тарав чи кколеб бак1 буго, жинца тавбу гьабун Аллагьу Таг1ала т1аса лъугьани ва хут1арал какалги рец1ани гурони. Гьеб как буго муэминчинги кафурчиги жиндалъун бат1а гьаризе лъалеб г1аламат.

Нужеда лъай, Аллагь гурх1аял! Как баялда т1ад ч1арав чи Аллагьу Таг1алаяс щуго жоялдалъун хира гьавула: гьесдасан факъирлъи борхула, хабалъ

г1азабги борхула, г1амал хъвараб кагъат кваранисa кьола, сират1алдаса пириг1адин хехго уна, х1исаб суал гьеч1ого алжаналъул лъугьизавула.

Гьеб как г1одог1ан гьабурав чиясе Аллагьас анц1ила щуго г1азаб гьабула: анлъго г1азаб дунялалдого гьабула: г1умруялдаса баракат босула, гьумералдаса лъик1ал чаг1азе бук1унеб нур инзе гьабула, кинаб г1амал гьабуниги гьелъул ажруги хъваларо, гьесул дуг1а зодоб борхуларо, гьесие лъик1ал чаг1азул дуг1аялъул баракат щоларо, гьесул рух1 иманалда бахъуларо.

Гьев холеб мехалъ лъабго къварилъи щола: Гьев г1одовег1анлъун хола, гьев къечон хола, гьев вакъун хола. Гьесие дуниялалъул ралъадал гьекъезе кьуниги гьесул къеч буссунаро.

гьев хабалъе лъедалго лъабго къварилъи щола: гьесул хоб къварид гьабула, гьесул хьабалухъа г1уч1ал цуцалъе рахъизег1ан, гьесул хабалъ ц1а бакула ва релъедаги къадги ц1адул сунтуразда вук1ула, гьесул хабалъе борохь биччала «ашшучаг1ул акъраг1» абулеб ва гьев щибаб какил г1ужаз кьабун гьесие г1азаб гьабула.

Аллагьасда данде ч1вадалги гьесда лъабго къварилъи щола: Мах1шаралда рахъизе гьарураб мехалъ цо малаик вач1ула жинда кодоб лъабкъоялда анц1го нат1 халалъи бугеб рахасгун. Гьеб рахас габуралда жемун к1алдиса жаниб биччан нахъаса къват1ибе бахъула ва гьев малаикас ах1ула гьаб буго Аллагьасул фарз тарав чиясе бугеб жазаъ абун. Гьесда Аллагь валагьуларо ва гьев вац1адги гьавуларо (мунагьаздасан).

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдасан х1адис бицана Аллагьас къиямасеб къоялъ т1 оцере гьумер ч1ег1ерлъун рахъизарула как тарал г1адамал абун. Къатадат асх1абас абуна: «Нужеца какалда т1ад ч1ей гьабе, гьеб буго муъминзабазул т1абиг1ат г1амал»- абун.

Цоги хирияв аварагас абуна: «Дир уммат жинда Аллагь гурх1араб уммат буго. Гьеб умматалдасан къварилъи баллагь борхула гьезул дуг1аялда лъун гьезул ихласалда лъун (гьабулеб г1амал бац1адго Аллагьасе г1оло гьаби) ва заг1ифал г1адамазда гурх1ун»- абун.

Бокьун как тарав чи кафурлъулин абурал г1емерал х1адисал руго. Гьеб раг1и Г1умарицаги, Г1абдурах1ман бину Г1авфицаги, Муг1аз бину Жабалицаги абуна. Абу гьурайратицаги, ибну масг1удицаги, ибну Г1аббасит1асаги абуна. жабир бину Г1абдуллагьицаги, Абу Дардаицаги абуна, - жал киназдасаго Аллагь разилъаял. Гьал киналго машгьурал асх1абзаби руго.

Гьезда нахърилълъарал табиг1иназги абуна. Гьездасан вуго имам Ах1мад ва г1емерал г1алимзаби, жидеда Аллагь гурх1аял. Гьал хириял асх1абзабазги к1удиял имамзабазги г1алимзабазги как тарав чи кафурлъулила абураб раг1иги г1езе ккела хириял вацал, инсан кант1изе ва тавбу гьабизе.

Ц1акъ г1ажаибаб жо гьеч1ишха ваццал, жив вижарав ва жив хьихьулев, кинабго дунялалъулги ахираталъулги амру жинда кодоб бугев бет1ергьанасдаги г1асилъун, заг1ифав, мискинав шибго гьунар гьеч1ев, г1азабалдаса хвасарлъизе х1илла гьеч1ев лагъ щайт1аналда нахъвилълъун

гьелъул нухалда ккввади, гьеб щайт1ан Аллагьасулги, жиндир умумул Адамил ва Х1авл тушман бук1инги лъалеб бук1адго.

Нужеца гьеб шайт1аналда хилифлъи гьабе диналъул ваццал ва как ах1улеб гьаракь раг1арабго какда хехлъи гьабе ва к1вах1алъи г1узруги нахъе реххе. Жегиги нужеда лъай я диналъул ваццал, нуж Аллагьу Таг1алаяс х1акъаб нухалда т1орит1еял, нужеда т1адаб буго нужеца руччабазда ва нужер лъималазда лъазабизе как бай ва гьелда т1ад ч1а абун. Х1акълъунго нужер хъизамал нужехъе Аллагьас кьураб аманат буго ва нужеца гьеб аманат т1убит1изе ккола хиянат гьабич1ого.

Хирияв аварагас абуна: «дица Аллагьасул ц1ар гьоркьоб ккун нужеда руччабазул амру т1ад къалеб буго»-ян абун. Жиндир ручабазда как дин малъич1ев чи аманат т1убач1ев чи вуго ва Аллагьу Таг1алаясул амруялда нахъвилъич1ев чиги вуго. Т1адег1анав Аллагьас абун буго: «Дуца дур хъизаналда как бай абун амру гьабе ва гьеб какалда т1ад ч1ун сабруги гьабе»- абун.

Бахьи къосарал г1адамазда гьоркьов рик1к1ун вуго ч1ужуялда как базе гьабуларев чи. Щиб лъик1лъи ва баракат бук1улеб дин гьеч1ей ч1ужуялъул. Гьей Аллагьасул амруялда мут1иг1лъич1еб мехаца гьей иччан тезе ккела, Аллагьасул тушмангун цадахъ г1умру гьабизе бегьуларо. Гьей ч1ужуялъул валиясги (эмен вац) кумек гьабе росасе гьей диналда ах1изе. Гьедин гьабич1они гьесдаги Аллагьасул ццим бахъила ва жужах1алда ккезавила.

Гьединго цояз цоязе диналъулъ кумек гьабизе т1аддаб буго, гьебги ц1акъ к1вар бугеб амру буго ва

гьеб амруялъул к1вар гьабич1ого толаро жиндир дин гьеч1ев ва жиндилъ лъик1лъи гьеч1ев чияс гурони.

Г1абдуллагь бину г1алави абулев г1алимчияс абуна: «Дуца какалда т1ад ч1ч1ей гьабулеб г1адин дур агьлу хъизамал, лагъзал, гьелда т1ад ч1ч1езаризе ккела ва гьезие х1инкъиги кьезе ккела г1азабги гьабизе ккела как тана»- абун.

Как тараб мехалъ хъизаналда дур ццим бахъе, дур боц1и хвезабураб мехалъ бахъулеб г1адин. Гьедин гьабич1они мун дин махсараде гьабулев чи вуго. Гьедин дуда мут1иг1лъич1ел чаг1иги дуца дудаса рик1к1ад гьаре, гьел шайт1аби руго жиделъ лъик1лъи гьеч1ел.

Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Нужеца нужер гьалмагълъун тоге Аллагьасдаги аварагасдаги къецандулел г1адамал, гьел нужер г1агарал г1адамал ратаниги, умумл лъимал ругониги. Гьедин гьалмагълъун толел чаг1и иман гьеч1ел г1адамал руго»- абун.

Нужеца какалда т1ад ч1ч1ей гьабе. Гьеб буго бищун к1удияб хазинаги бахьи бугел г1адамазул нухги лъик1ал чаг1азе рах1матги вализабазе бечелъиги.

*Дуца ниж лъик1аб нухде т1урит1е Бет1ергьан ва нижер лъик1лъабиги ц1ик1изаре ва нижер мунагьалги чуре ва дунял ахираталъул бахьи буголъи ниже кье Аллагь.*

## Гьанже жамаг1атгун как баялъул хиралъи бицила

**Аллагьасул свалат салам лъеяв аварас абуна:** ***«Жамаг1аталда бараб как хирияб буго, живго цох1о ч1ч1ун баралдаса къоло анкьго нухалъ»- абун.***

**цогиги Аварагас абуна** ***шагьаралда яги росулъ лъабго чи вугони ва гьез жамаг1ат гьабун как бач1они гьел шайт1аналъ махсарде ккурал г1адамал руго*** **абун.**

**Цогиги Аварагас абуна** ***бац1ица г1иялъан бат1а т1ураб чахъу кванала, куфруги нифакъги буго какда ах1араб мехалъ гьелъие жаваб гьабич1ого тей*** абун (ай жамаг1аталда как базе инч1ого ч1ей).

**Цогиги Аварагас абуна** ***сахсаламат рег1унги вук1ун жамаг1аталда инч1ого ч1арас бараб как как гьеч1о*** абун (ай гьеб къабул гьабуларо).

Абу Саг1идил Худрийи асх1абас абуна: Нужеда цо чи т1ад ч1ун масжидалда хьвадулев вихьараб мехалъ нужеца гьесие нуг1лъи гьабе лъик1ав муъминчи вугоян- абун.

Т1адеганав Аллагьас къуръаналда жаниб абуна: «Х1акълъунго жидеца масжидал къач1алел г1адамал руго Аллагьасдаги ахираталдаги иман лъурал, г1ужда х1укъукъалги ц1унун какги балел, закатги бахъулел, цох1о Аллагьасдаса гурони жалги х1инкъуларел г1адамал»- **абун.**

Хирияв аварагас абуна масжид буго Аллагьасдасан х1инкъарав чиясул рукъ абун. Цогиги абуна: Масжид рукълъун ккурав чиясе Аллагьу Таг1алаяс г1ей гьабула рах1мат ц1обалдалъун ва гьев сират1алдасан ворч1изавула ва алжаналда жанив Аллагь разилъун паракъат гьавулаян абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратица абуна: ***инсанасе биизабураб т1ухьи т1ун г1ундул рацин лъик1аб буго как ах1улеб раг1араб мехалъ жаваб гьабич1ого ч1еялдаса абун.***

**Аварагас абуна:** ***Жиндирго рокъоб г1ат1ид гьабун какиеги чурун, щибаб какда кквадулев чи***

***Аллагьасда зиярат гьабулев чи вуго ва гьев Аллагьу Тагlалаяс кlодо гьавулаян*** абун. Ва цоги абуна: Масжидалъул мадугьалас масжидалъуб гурони как баз бегьуларо абун.

Гьеб жамагlатала бараб какил тlубараб кири букlиналъе сабаб буго мухъал ритlизари ва гьел ритlизареян амру гьаби. Аварагас абуна: Нужеца мухъал ритlизаре ва гъажазул бутlрул ращад гьаре ва квералги цоцаде цузе гьарун гьоркьоб бакl течlого чlа. Хlакълъунго щайтlан нужеда гьоркьоб лъугьула нуж цуцаде цун гьечlониян абун.

Бараъ ибн Гlазиб асхlабас абуна: ***Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг как балезул мухъалда асклов вачlунев вукlана ва гьес гlадамазул курмулги гъуждулги ритlизарулаан. Жинцаги абулаан нужеца мухъал ритlизаричlони нужер ракlалги ритlуларо*** абун.

Цогиги Аварагас абулеб букlана: Аллагьу Тагlалаяс ва малаикзабаз свалат битlула ццересел мухъазда ругел гlадамазда абун. Цогиги Аварагас абулеб букlана нужеца мухъал ритlизаре гьел мухъал ритlизари буго как тlубаялъе ва мухlканлъиялъе сабаб абун.

Цогиги абуна: мухъ цуцаде хурхизабуразда Аллагьги хурхула, мухъ къотlизабураздасан Аллагьги къотlула абун. (ай цlоб рахlмат гьабула, цlоб рахмат къотlизабула абураб магlна).

Жамагlат гьабун как баялда тlад чlчlей гьабизе рекъараб буго богол ва рогьалил как. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: богол как жамагlаталда барав чи бащдаб сордо кьижичlого тlагlат гьабурав гlадин вуго ва рогьалил как жамагlаталда барав чи тlубараб сордоялъ тlагlат гьабурав чи гlадин вуго абун.

**Цоги Аварагас абуна*: «Мунафикъзабазе бищун бакlаб как буго богол ва рогьалил как. Гьезда лъалебани гьеб кlиябго какалъул хиралъи жал гьелда рачlинаан накабазда хъурщунги. Дир къасд ккун буго как базе цо чиги тун дун асхlабзабигун***

***цадахъ ц1улал магьалги росун ине ва какда рач1инч1ел чаг1азул рукъзал рух1изе»***- абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аммарица абуна: Багол какда яги рогьалил какда цо гьалмагъ вач1ич1ого ч1араб мехалъ ниж гьесда щакдарулаан гьев мунафикъ ватизе гурищан абун -ян.

**Аварагас абуна*: «Нуж хъурщун рач1унги баголги рогьалилги какда рач1а! к1икъого къоял жамаг1аталда как бухьигун цадахъ боголги рогьалилги какда щварав чи жужах1алдасан тархъарав чи вуго»*- абун.**

**Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Рогьалида вахъун какиеги чурун цинги масжидалдаги ун к1иго ракаг1ат бан г1одов ч1арав чи, цинги имамгун цадахъ какги барав, гьев чи Аллагьу таг1алаяс жив разияв чаг1азда гьоркьов хъвала ва гьеб какги лъик1ал ч1аг1азул каказда гьоркьоб хъвала»- абун.***

Цогиги абуна рогьалилъ вахъун рогьалил какда унев чи иманалъул байрахъ босун унев чи вуго, радакь вахъун базаралда унев чи щайт1аналъул байрахъ босун унев чи вуго абун. Авзаг1и абулев г1алимчияс абуна жаг1аталда унгеян эбел инсуца амру гьабуни гьезие мут1иг1лъизе бегьуларо абун.

Саг1ид бину Мусаябас абуна: Къого сон ана дун как ах1илелде цщеве масжидалда вугелдасан абун.

Салафу ссвалих1иназул цояз бицана: къияммасеб къоялъ цо къавм т1аде рахъула ц1ваби г1адин гвангъарал гьурмалгун ва гьезда малаиказ гьикъидал щиб г1амал нужеца гьабулеб бук1араб абун, гьез абула как ах1улеб раг1арабго нижеца какие чурун какие х1адурлъи гьабулаан абун. Цо къавм т1аде рахъула бакъ г1адин гвангъарал гьурмазул ва гьезда гьикъидал малаикзабаз щиб г1амал нужеца гьабулеб бук1араб абун, гьез абула ниж как ах1илелде масжидалда рук1улаан абун.

Абу мадян шейхас абуна: лагъасе какалдасан гьесул рак1 х1узуралда бук1ун гурони кири хъваларо ва амма жамаг1аталда как барасул гъафуллъи ва

гъалат1лъи жамаг1аталда ругел камилал чаг1азул баракаталъ лъик1лъи лъун сверула абун.

Цогиги г1алимас абуна жамаг1ат как базе вахъун ч1араб мехалъ Аллагь имамасул рак1лде валагьула: гьеб рак1 х1узуралда батани гьеб жамаг1аталъул как къабул гьабула ва гьезда Аллагь разилъула. Ва амма гьесул рак1 х1узуралда батич1они Аллагьу Таг1ала жамаг1аталда валагьула ва гьезда гьоркьов лъик1ав чи ватани гьесул баракаталъ киназулго как къабул гьабула. Гьеб жамаг1аталда гьоркьов лъик1ав чи ватич1они Бет1ергьанас абула: гьаб жамаг1ат дие как базе рач1ун ругин ва дида ццере ч1ч1ун ругин ва гьезул х1урмат гьабун гьезул мунагьал чурула ва как къабул гьабула абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1абдуллагь ибн Г1алавияс абуна: жинда жамаг1аталъул кири бицула раг1ун бук1адго ва сахсаламатги вук1адго, рег1унги вук1адго жамаг1аталда вач1инч1ого ч1оларо мунафикъав, жив диналъулъ щакдарулев чи гурони. Гьев чи вуго жив мекъи карав, жиндир рак1илъа Аллагь лъаялъул нур бахъарав ва жив Аллагьасул лагъ вук1ин к1очарав чи.

Х1акъикъияб лагълъи гьабун гурони дунял ахираталъул бахьи буголъи гьеч1о ва гьеб лагълъи гьабиялъул бищунго к1вар ц1ик1араб жоги как бай буго. Нилъехъе щвараб хабаралъул цониги раг1и гьеч1о Аварагас живго цох1о вук1ун фаризаяб как бана абураб. Камилав муъмин чиясда рекъараб гьеч1о жамаг1аталда как бач1ого тезе ва гьаб т1ехьалда рицарал ва рицич1ого тарал х1инкъи кьейги г1азаб бициги жиндир нафсалда ккезабизе.

Дуца тавфикъ гьабе Бет1ергьан жамаг1аталда как базе ва цогидал лъик1лъаби гьаризе. Амин.

Имаму Ах1мад бин Зайнийи Дих1ланиясул т1ехьалдасан босараб хабар гьаб бак1алда т1убана.

## К1иабилеб баб

**Инша Аллагь гьанже хъвазе буго Ах1мад Фаридица гьабураб т1ехьалдасан росарал ццересел лъик1ал г1адамазул т1абиг1атал, жидеда Аллагь разилъаял.**

Нужеда лъай диналъул ваццал, нужедаги дидаги Аллагьу Таг1ала гурх1аял, г1олохъаъиялъулъ ва балугълъиялъулъ лъугьулев чиясе бищунго к1вар бугеб жо буго берцинал т1абиг1атал чорхолъ лъей ва квешал, щайт1аниял т1абиг1атал нахъе рехинги. Ибну сайрин абулев г1алимас абуна цересел мутаг1илзабаз лъик1ал т1абиг1аталги берцинаб кквадиги лъазе гьабиялда ях1 бахъулаан г1елму лъазе гьабиялда ях1 бахъулеб г1адин абун.

Х1абиб бин Шагьидица абуна: Я дир вас, дуца г1алимзабигун гьалмагълъи гьабе ва гьездаса адаб босе. Мун адаб хъатир бугев лъугьизе бокьила дие мун г1емераб жо лъалев лъугьизе бокьулелдасаги абун.

Т1адг1анав Аллагьас аварагасе рец гьабун абуна: «Мун ц1акъ къадру к1удиял т1абиг1атал г1амалазда вуго»- абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дун вит1ун вуго бищунго лъик1ал т1абиг1атал т1уразаризе»- абун. ай умматалъе гьел т1абиг1атал нухлъун лъезе.

Аллагьас нилъги ах1ана гьесда нахърилъизе: «Х1акълъунго нужей буго берцинаб нахърилъин Аллагьасул аврагасда, нужер Аллагь разилъи ва лъик1аб ахират бокьаразе ва жидеца Аллагьги г1емер рехсолезе»-абун.

Гьедин бугелъул гьел Асх1абзаби ва табиг1инал (асх1абзабада хадусеб г1ел) ва салафу ссвалих1инал (табиг1инал ва гьезда хадусеб г1ел) аварагасда нахърилъана ва жидеца гьесул т1абиг1аталги ккуна, гьес гьабеян амру гьабураб жоги гьабуна, теян абураб жого тана.

Жинда Аллагь гурх1аяв имам Маликица абуна: «Дида бицунеб раг1ана насраниязда Шам улка бахъарал асх1абзаби рихьидал, гьез абуна: «Валлагьи, гьал г1адамал лъик1ал руго Г1иса авараггун рук1арал х1авариюназдаса»- абун.

Амма гьездаса хадуб г1емер соналги индал, г1адамалги дин тун дунял т1алаб гьабиялде руссидал, дол свалих1иназул т1абиг1ат-г1амал г1адамазул хьвадиялда гьоркьосан т1аг1ун ана. Гьединлъидал дица къасд гьабуна дол лъик1ал г1адамазул т1абиг1ат-г1амал бицун гьит1инабго т1ехь данде гьабизе ва гьеб дин бокьарал муъминзабазе сайгъат гьабизе. Нилъецаги инша Аллагь ях1 бахъила гьел ккадараб нухдасан ккадизе.

**Аллагь разилъаял свалих1иназул** (лъик1ал муъминзаби) **т1абиг1ат бук1ана:**

Жидер г1илму - г1амалалъул ихлас бук1ин (г1иц1го Аллагь разилъи т1алаб гьаби). Жидер г1амалалъулъ рияъ лъугьиналдаса х1инкъулаан. (рияъ буго г1адамазе лъик1 вихьизе бокьун г1амал гьаби).

Суфян бин Г1уяйнатида гьесул гьалмагъзабаз абуна мун нижгун г1одов ч1еларищ нижее хабар бицизе ян абун. Гьес абуна: «Валлагьи дун нужей хабар бицизе агьлу гьеч1о ва нуж дида г1енеккизе агьлу гьеч1о. Нилъ цояз цоял къват1ир ч1вазари гурони гьелъул щибго пайда ккезе гьеч1о»-абун.

Щаг1бийу абулев г1алимас абуна: «Г1алимзабазул адабалдасан буго жидеда цо жо лъараб мехалъ гьелда г1амал гьаби ва гьедин г1амал гьабураб мехалъ жал г1адамаздасан машгъуллъула. (ай г1адада харбида рук1изе заман бук1уларо). Цинги жидер г1елму дагьаб батани жегиги г1елму т1алаб гьабула ва жал диналъул фитна ккела абун х1инкъун г1адамазда гьоркьосан лъутун уна»-абун. Ай г1адамаздаса рахчун дин гьабун ч1ола.

**Ва гьезул цогиги т1абиг1ат бук1ана** нифакъ тей. (ай жидер балъгоябги загьирабги г1амал цого бук1ин). гьезул цонигиязул бук1ич1о жив метер къоялъ нечелоб яги къват1ив ч1валеб г1амал.

Свалихӏиназул цояс Гӏумар бин Гӏабдулгӏазизие вагӏза гьабуна ва жинца абуна: Мун цӏуне Гӏумар, загьиралда Аллагьасул валилъун вукӏиналдаса батӏиналда Аллагьасул тушманлъун вукӏиналдасаги. Жидер загьирги батӏинги бащад гьечӏел гӏадамал мунафикъзаби руго ва киналниги мунафикъзаби жужахӏалда жанир рукӏине руго» - абун.

Зубайр бин Гӏаввамица абуна: «Нужеца гьабулеб лъикӏаб гӏамалги балъго гьабе, нужер квешал гӏамалалги рукӏулел гӏадин балъго гьарулел»- абун.

Цоги гьезул тӏабигӏаталдаса букӏана хӏакимзабазул зулму хӏалалда сабру гьабулел рукӏин ва гьез рикӏкӏулаан дозул квешлъи жидер мунагьаздасан дагьаб бугин абун.

Тӏадегӏанав Аллагьас абуна: «Дица нужер цо зулму чагӏи цогидал зулму чагӏазда тӏаде тӏамила»-абун. Ай нужеца Аллагьасдехун зулму гьабураб мехалъ амру нагью тун, нужеда тӏад хӏакимзаби зулмуял тӏамила нужее зулму гьабизе абураб магӏна буго.

Мухӏаммад бин Юсуфихъе васас кагъат хъвана жидер хӏакимзабазун зулму къварилъи бицун зигара гьабун. Гьесие Мухӏаммадица жаваб гьабуна дуда лъалаха дир вас жинца гӏсилъи гьабурав чиясда гӏакъуба тӏад кколеблъи ва гьеб нужеда бугеб къварилъи нужерго мунагьал сабалъун букӏине ккола абун.

Гӏатӏаъ бин Аби раббахӏида гьикъана хӏакимзабазда аскӏов гьезул хӏукму хъвалевлъун вугев ва цоги щибго мунагьго гьечӏев чиясул, ва гьес жаваб гьабуна, гьеб гӏамал тун лъикӏ буго гьев чиясе. Дуда Муса аварагас абураб рагӏи лъаларищ: «Я дир бетӏергьан, дуца дие кьураб нигӏматалдалъун (ай гьеб нигӏматалъул хӏурматалдалъун) дуца дун цӏуне капурал квешаб къавмалъе квер бакъулевлъун вукӏиялдаса»- абун.

**Цоги гьезул тӏабигӏат букӏана** Аллагьасе гӏоло цӏакъ бахӏарчилъи гьабулеб, гьесул дин гӏодогӏан гьабулев чи вихьараб мухалъ. Жидеца щибго гӏамал гьабулароан ва цониги чиясулгун гьалмагълъиги гьабулароан гьеб ишалъулъ Аллагь разилъи

бук1илин абун рак1алда ккун гурони. Цониги чи вокьулароан ва цониги чиясда ццимги бахъулароан дунялалъул маг1ишат сабалъун.

Ва аварагасул х1адисалдаги буго Аллагьасе г1оло ццим бахъи ва Аллагьасе г1оло рокьиги иманалъул бищунго щулияб рухьен буго абун. Ах1мад бин Х1арб абулев г1алимас абуна бищунго муъминчиясул рак1алъе мунфаг1ат гьабулеб жо буго лъик1ал чаг1аздехун гьалмагълъи гьаби ва гьез гьабулеб пишаялде балагьиги. Ва гьесул рак1алъе бищунго зарал гьабулеб жо буго г1асиял фасикъал г1адамалгун жуван вук1ин ва гьезул г1амалазда валагьиги абун.

Дуцаги пикруги гьабун нафсалъул хал гьабе, диналъул вац, дур цониги нухалъ Аллагьасе г1оло ццим бахъанадай абун ва Аллагьасе г1оло цониги чи вокьанадай абунги. Мун дурго нафсалда къасиги къадги гурх1а ва истигъфарги г1емер гьабе.

Аллагь гурх1аял свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана дунялалъул маг1ишат сабалъун роххи дагьлъиги. Гьелъул г1аксалда жидее ц1ияб рет1ел-хьит ва цогидаб жо швараб мехалъ гьезул х1ал къварилъулаан гьеб жидее кьураб жо ахираталъул бут1а нукъсан гьабун кьун батила абун х1инкъун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна нуж дагьал релъанхъилаан ва г1емерал г1одилаан дида лъалеб жо нужеда лъалеб бук1арабани абун.

Фузайл бин Г1иязица абуна велъанхъулев чи г1емерав вуго жиндие мусру босун х1адурунги бук1ун абун (ай хвелги жинда т1аде щун бук1ун гьебги лъаларого).

Дунял бокьаралги ахират бокьаралги г1адамал рат1а гьаризе лъалеб бак1 буго гьезул ахираталъе гьабулеб х1адурлъиялда балагьун. Дуцаги х1исаб гьабе диналъул вац дурго нафсалъул кинаб гъафлаталда мун вугев гьеб ахираталъул амруялъулъ ва тавбу гьабизе г1едег1и гьабе.

**Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** Аллагьасул ццим бахъулеб жоялъулъ жал ккеялда х1инкъараб мехалъ гьезул хвелалда хьул лъолаан. Цо

г1асилъи ккезе бегъулеб амру нафсалдасан загъирлъани гъел х1инкъулаан жидеда Аллагъасул ццим бахъила абун.

Абу гъурайратица абулаан, г1адамазда т1ад цо заман бач1изе буго гъезул г1алимзабада хун лъик1 ниж абун рак1алда кколеб. Х1атта жиндир диналъул вацасул хабаде вач1идал, валлагьи дун дур бак1алда вугев аниш абун абулеб.

Ибну Масг1удица абулаан дунялалъул т1ок1к1ел т1асса ун кинабниги х1абургъин гъокье хут1ун буго. Гъанже хвел лъик1аб сайгъат буго бусурман чиясе абун.

Муслим бин Къутайбатица абулаан нижеда лъалан цо заман, х1акимлъун тей чиясе к1удияб баллагьлъун бихьулеб ва цо жиндир гьалмагъ х1акимлъун тун вуго абун раг1араб мехалъ гьес абулаан я бет1ергъан Аллагь нижеда гъевги гъесда нижги к1очене гъаре цоцаде аск1оре ккеч1ого рук1ине абун. Гъанже заман бач1ун буго х1кимлъун тей г1адамаз т1алаб гъабулеб абун.

Гъел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана Аллагъасдасан х1инкъи г1емерал рук1ин жидер лъик1ал х1алазул аваладаги ахираталдаги. Авалада гъел х1инкъулаан мунагъал г1емерал рук1ун г1азаб гъабиялдасан, ахиралда гъел х1инкъулаан Аллагъу Таг1ала к1одо гъавун гъесул х1урмат гъабун.

Т1адег1анав Аллагъас абуна: «Бет1ергънасда цциве ч1езе вук1иналдасан х1инкъун кквадарав чиясе к1иго алжан буго» - абун.

Цоги Аллагъас абуна: «Ахираталда бук1изесеб жоялъе г1оло бет1ергъанасдасан х1инкъарал г1адамазе мунагъал рахчиги к1удияб ажруги буго»- абун.

Абу тураб Алхашнияс абулаан, цо чияс мунагъал тезе къасд гъабураб мехалъ гъесда Аллагъасул кумакал чвахун рач1ула кинабниги рахъалдасан. Мунагъазда лъун рак1 ч1ег1ерлъун бук1и лъалеб лъабго г1аламат буго. Мунагь гъабизе х1инкъун гут1и. Т1аг1ат гъабизе ругьунлъун гут1и. Ваг1за насих1аталдасан мунфаг1ат лъугьун гут1и абун.

х1асанул Басрияс абулаан мунагьазда жанив т1ерхьун ракl ч1ег1ерлъун бук1иналъул г1аламат буго къад к1ал ккозеги къасси вахъизе (тагьажуд базе) к1вах1алав лъугьин абун.

Г1ат1аъ бин Абу Рабах1ица абулаан: «Аллагьасда г1ассилъи ц1акъ к1удияб жолъун бихьун, гьеб г1асилъи гьабиялдасан ц1унарав чи жиндие гьеб Аллагьасда аск1об лъик1аб г1амаллъун батулев чи вуго»-абун.

Аррабиг1 бин Хайшамица абулаан: Къурбан хъвеялъул г1идкъо т1ад щвараб мехалъ дун гьедула: «Дур к1одолъи хиралъиялх1аги я дир Бет1ергьан, жакъа дир нафс къурбаналъе хъвеялъулъ мун разилъи бугеблъи лъалебани дица гьеб нафс хъвелаан абун».

**Жидеда Аллагь разилъаял гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** Аллагьасдасан х1инкъун рук1ин жидер лъик1ал г1амалал дагьал руго абун мунагьалги г1емрал руго абун ва къиямасеб къоялъ цо жиндие зулму гьабурав чи вач1ани гьеб зулмуялъухъ рец1ел босизе абун цох1о гьесие кьезецин жиндир лъик1ал г1амалал г1еларо абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна нужеда лъалищ къияммасеб къоялъ щив вугев дир умматалъул хъарк1асчи (бищунго мискинав чи)?- абун Асх1абзабаз абуна нижеда гьоркьо хъарк1асчи вук1ула жиндир г1арац меседги боц1иги гьеч1ев чи абун. Цинги Аварагас абуна: «Къияммасеб къоялъ хъарк1асчи вуго жив как к1ал сах1 х1аж зак1аг1ат лъик1ал г1амалал гьарун вач1арав чи, цинги гьел г1амалал жиндир налъулаз рахъун арав. Цояв хъат кьабурав цояв бац1и хвезабурав цояв би г1одобе т1урав цояв жинда хьандарав. Цинги рикъун лъик1ал г1амалалги т1аг1ун гьел налъулазул квешал г1амалалги т1аде рехxун жужах1алда кколев чи»- абун.

**Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** гьел х1инкъулаан дагьабниги жидеда унта щокълъи бач1араб мехалъ гьеб унти жидер къадаралъул унти батилилан ва жалги тавбу гьабун чияр х1акъалги

т1уран х1адурлъун гьеч1ого Бет1ергьанасда ццере ине ккеладай абун, г1емерал г1асилъабиги гьарун лъутун вук1арав лагъ сайидасда ццеве ч1езе гьавулевг1адин.

Хварал чаг1и рихьараб мехалъ гьез ц1акъ к1вар гьабулаан гьеб амруялъул ва пашманлъун лъугьулаан. Абу гьурайратица абулаан жаназа бихьараб мехалъ: мун дур бет1ергьанасухъ ай, нижги дуда хаду рач1изесел руго-абун. ц1акъ къокъаб, амма маг1на гъваридаб ваг1за буго хвел ва къабих1аб гъафуллъи буго нилъер рак1азулъ абун.

Хвел рак1алда щвараб мехалъ ц1акъ пашманлъулаан гьел хвалил зах1малъиги лъан рух1 бахъи мекъи ккеяла х1инкъун. Х1амид ал-лафафу абулев г1алимас абулаан хвел рак1алда щвеялъул лъабго лъик1лъи буго абун: тавбу хехго гьаби, нафсалъе г1емераб жо т1алаб гьабун гут1и, г1ибдат гьабизе вагъари.

Суфян бину Саври абулев валияс абулаан метер жив ч1аго вук1илин кколев чи хвалий х1адурарав гьеч1о абун. Цогиги гьес абулаан хвел рак1алда щвеялъ т1аг1ат гьабизе т1амула, хвел к1очеялдаса г1асилъаби рижула абун.

Гьаб хабар дуда бич1а диналъул вац ва дуца гьалмагълъи гьабе г1ибадат гьабулел, дунялалъ гуккич1ел г1алимзабигун ва свалих1иналгун цадахъ ва мун рик1алъе хвел рак1алда щоларел гьелдасан гъафулал г1адамаздасан.

**Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана,** жидее зрал къварилъи гьабурал г1адамаздасан т1аса лъугьулел аварагасул т1абиг1ат г1амал жидеца ккун.

Хирияв авараг жиндир нафсалъе г1оло ццим босулев вук1ич1о. Гьес ццим бусалаан Аллагьасул шарг1алъул х1урмат хвезабураздасан. Жаг1фар бину Мух1аммадица абулаан г1афву гьабун т1аса лъугьана абун рек1екълъизе рекъараб гьеч1о, т1аса лъугьич1ого хут1араб жоялда рек1екълъи рекъараб буго абун.

Гьелъие далил буго Аллагьасул раг1иялда нахърилъин: «Мун гьезда т1аса лъугьа ва квешлъи

гьабиялдаса вусса, х1акълъунго Аллагьу Таг1алаясе лъик1лъи гьабулел г1адамал рокьула»-абураб.

Гьел салафу свалих1инал жидеца бусурбабазул х1урмат ц1акъ к1одо гьабулел рук1ана ва гьезие лъик1лъи лъугьизеги бокьулел рук1ана. Абубакр сиддикъ вук1ана жинца абулев: «Цониги чияс цогидав чи х1акъир гьавуге абе. Бусурман чиясул гьит1инабго х1акъ Аллагьасда цебе к1удияб жолъун буго»- абун.

Г1абдуллагь бин Г1аббасица абулаан бищунго хирияб лъик1лъи буго жинда аск1ов вугев чи к1одо гьави абун. Каг1ба рукъалдаги балагьун гьес абулаан: Аллагьас мун х1урмат ц1унараблъун, хирияблъун, къимат къабру бугеблъун гьабуна ва амма муъминчи дудаса х1урмат к1удияв вуго Аллагьасда аск1ов- абун.

Г1икриматица абулаан нуж ц1уне нужеца г1алим чиясе зарал гьабиялдасан, г1алимчиясе зарал гьабурав чи жинца аварагасе зарал гьабурав чи вуго абун.

Гьаб хабаралдасан дуца ваг1за босе, ва дуца х1исаб гьабе диналъул вац мун бусурбабазулги г1алимзабазулги свалих1иназулги адаб х1урмат гьабулев вугищилан дуда Аллагь разилъизе бокьун, яги гьелъул г1аксалдайищ вугев фасикъал чаг1аздасан мун вук1изе абун.

**Аллагь разилъаял свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** жидер руччабазул ва хъизамалъул къварилъи баччулел рук1ин. Жидеца ханлъи, бет1ерлъи т1алаб гьабуларел рук1н, х1атта как базе имамлъун рук1изецин бокьулароан гьезие.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе цо к1иго чи вач1ана жал цо амруялда т1аде теян абун. Аварагас гьезда абуна гьарун вач1аравги, жиндир амирлъун вук1изе хьул лъуравги амирлъун толаро дица абун.

Суфяну саврияс абуна жиндихъе бач1ич1еб бет1ерлъи т1алаб гьбурав чи гьеб щоч1ого хут1ула ва гьесул г1емераб г1елмуги г1ададе хола абун.

Гьел свалихlиназул тlабигlат букlана цоцазе вагlза -насихlат гьабулел рукlин, жидедаса гьитlиназ жидее насихlат гьабуниги гьеб рихуларел рукlин. Жидедаса гьитlиназулги берцинаб адаб гьабулаан. Жидеда ващадазул ва жидедаса кlудиязул цlакъго адаб гьабулаан. Гlагарав чиясулгlан лъагъасулги адаб гьабулаан, гlалимчиясулгlан жагьил чиясулги адаб гьабулаан.

Тlадегlанав Аллагьас Мусада ва Гьарунида абуна: «Нужеца гьев фиргlавнида тамахаб рагlи бице»-абун, гьев фиргlавн бищунго залимав, капурав чи вукlаниги. муъминчиясул даража макъам борхи гьесул адаб гlемерлъиялдалъун букlиналда гlалимзаби рекъана. Жинца адаб гьабулевлъун цо чи вукlизе ккани гьесда живго нукъсанавлъун ва цогидав жиндасан лъикlавлъун вихьи аслу буго.

Гlали асхlабас абулаан бищунго Аллагь лъалев чи вуго жинца Лаилагьа Иллалллагь абулел гlадамал кlодо гьарулев чи абун.

Гьел свалихlиназул тlабигlат букlана жидер ахир мекъи ккеялдасан хlинкъун рукlкlин ва Аллагь вихьулареллъунги жужахlалда кколеллъунги рукlиналдасан хlинкъи.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нужер цояс Аллагь разилъулеб гlамал гьабула гьесдаги алжанадги гьоркьоб цо натl хутlезагlан. Цинги жужахlалда кколеб гlамал гьабула ва живги жужахlалда ккола»- абун.

Гlаишатица абулаан: «алжаналда унезул гlамал гьабулев вукlула нужер цояв, живги (Аллагьасда асклов) жужахlалъул агьлулъун вукlадго»- абун.

Хlатиму ассамияс абулаан: «нуж хlинкъуге ва пашманлъуге»-ян абураб Аллагьасул рагlи, гьеб ахираталда Аллагьасдасан хlинкъун ва пашманлъун кквадула рукlарал гlадамазда абула. Амма чlухlун, мунагьал гьарун ккваддарал гlадамазе гьеб рагlи букlуларо абун.

**Жидеда Аллагь разилъаял свалихlиназул тlабигlат букlана** сардилъ рахъун гlибадат гьаби ва гьеб фаризаяб жо бугеб гlадин ццебе чlезаби.

Т1адег1анав Аллагьасги абуна: «Гьел х1акъикъиял муъминзаби сардилъ ц1акъ дагьал гурони регулел рук1ич1о ва радакь Аллагьасдасан мунагьал рахчи т1алаб гьабун гьарулел х1елуллел рук1ана»-абун.

Хирияв аварагасги абуна: «Фаризаяб какалдасан хадуб бищунго хирияб как буго сардилъ рахъун балеб как»- абун.

Цогиги абуна: нужеца сардилъ рахъиналда т1аде ч1ей гьабе. Гьеб нужедаса ццере рук1аразул нух буго ва нуж бет1ергьанасда г1агар гьарулеб жоги буго ва нужер мунагьал чуриялъул сабабги буго ва нуж мунагьал гьариялдасан нахъе ч1валеб жоги буго ва чорхолъа унти нахъе инабулеб жоги буго абун.

Г1абдуллагь бин Масг1уд берал къанщун макьу щун хадувго т1аде вахъулаан ва рогьизег1ан гьесул зикруялъул гьаракь бук1улаан найидал т1алаялъул г1адаб.

Г1абдулг1азиз бин Давуд къасси мех щведалго жинца бусен т1амулев вук1ана цинги бусеналда кверги лъун гьес абулаан дур тамахлъиго щиб, амма алжаналъул бусен ц1акъго тамахаб буго абун, цинги какал разе лъугьулаан ва рогьазаг1ан какал ралаан.

Цо чияс Ибрагьим бин Адгьамида абуна дида к1олеб гьеч1о сардилъ вахъине дуца гьелъие дару(сабаб) малъеян абун. Ибрагьимица гьесда абуна: дуца къад Аллагьасе г1асилъи гьабуге Аллагьас мун къасси т1аде вахъинавизе вуго. Х1акълъунго сардилъ вахъун бет1ергьанасда цциве ч1ей к1удияб хиралъи, к1одолъи буго ва гьеб г1асиял г1адамазе щоларо-абун.

**Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** ц1акъ х1еренал х1алимал рук1ин. Г1иссинал лъималаздаги жал нахърилъулаан. Т1адег1анав Аллагьас аварагасда хит1аб гьабун абуна: «Аллагьасул рах1маталдалъун мун гьел асх1абзабадехун тамахав х1алимавлъун вуго. Мун ццим бахъулев рак1 къвак1арав вук1аравани гьел асх1абзаби дуда сверухъан нахъе ине рук1ана»-абун.

Ибну Г1аммарица абуна: Я дир вас! лъик1авлъун вук1ин ц1акъ бигъаяб жо буго: гъумер щвакаравлъун вук1а, мац1 тамахавлъунги вук1а аубн.

Гъел свалих1иназ жидедаса г1илму босулезул г1елму т1алаб гъабиялъулъ рак1 бац1алъи гъеч1олъи бихьидал, гъезие лъик1аб дуг1а гъабулаан ва гъезда жегиги т1ад ч1ч1ун г1елму малъулаан. Гъеб буго шарг1алъул мурадги.

Г1елму малъиги буго к1иго сабабалъе г1оло: Гъелда г1амал гъабизе ва гъелдалъун шариг1ат ч1аго гъабизе. Гъеб г1елмуялда хурхарав чи жиндие ажру кири щолев вуго ва г1елмуги жиб жиндилъе бугесе жинца мунфаг1ат гъабулеб жо буго кинабго х1алалъулъ.

Гъел свалих1иназе киг1ан г1емер гъабуниги жидер суннатаб г1ибадат суннатаблъун бихьулароан ва жидер фарзалъулъ ккараб жагъаллъи- гъалат1 бац1ц1илъун толаан. Гъеб суннатаб г1амалго жиндир фарз камиллъарав чиясе бугеб жо буго. Т1адег1анав Аллагьас гъелда ишара гъабун абуна: «Мун сардилъ г1ибадат гъабизе вахъа авараг, дуй гъеб суннатаблъун бугеб х1алалъ»-абун.

Хирияв аварагасул фарз камилаб бугелъул гъесда абуна дуй сардилъ вахъи суннатаб буго абун. ай дуе сардилъ т1аде вахъун г1ибадат гъаби дур даража т1ок1лъиялъе сабаб буго, гъеб дур умматлъе мунагьал чуриялъе сабаб бугеб г1адин.

**Гъел салих1иназул т1абиг1ат бук1ана** щибаб саг1аталъ жидер нафсалъул х1ал ц1ехолеб ва жидер чорхолъ мунафикъзабазул г1амал бугодай абун балагьулеб, гъеб г1амал нахъе реххизе ва гъелъул бак1алда муъминзабазул лъик1аб г1амал лъезе.

Т1адег1анав Аллагьас муъминзабазе къуръаналда рехсарал сифатаздасан руго: Аллагьасе рецц гъабулел рук1ин, тавбу гъабулел рук1ин, к1ал кколел как балел рук1ин, лъик1алдалъун амру гъабулел квешалдаса нагью гъабулел рук1ин, какилъ хушуг1(х1инкъи) бугел рук1ин, г1ададе хабар бицунарел рук1ин, закат сах1 бахъулел рук1ин, х1арамаб жоялдасан г1аврат ц1унарал рук1ин, жидецца гъабураб къот1и- аманат

т1убалел рук1ин. Гьадинал муъминзаби алжан ирсалъе босулел ругоян абуна Аллагьас.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасги абуна: «Нужер цонигияв иман камилав вук1уларо жиндиего бук1ине бакьараб жо жиндир диналъул ваццасеги бук1ине бокьун гурони»- абун.

Цоги х1адис буго: жиндирго лъимал хъизаналдасаги, эбел инсудасаги, киналниги г1адамаздасаги дун (авараг) лъик1 вокьич1ев чиясул иман камилаб гьеч1о абун.

Ях1я бин Муг1азица муъминзабазул сифатал рицун жиндир т1ехьалда хъвана: муъминчи нич г1емерав, зарал дагьав, лъик1лъи г1емерав, пасалъи дагьав, бицулеб раг1и бит1арав, калам дагьав, лъик1аб г1амал г1емерав, мекъи ккей дагьав, мурад гьеч1еб жо гьабуларев, г1агарлъиялда рах1му бугев, Аллагьасе шукру рец гьабулев, гьесие х1ели мут1иг1лъи г1емерав. жиндие ризкъи къварилъарабг1ан ц1ик1ун Аллагьасда разилъулев.

Диналъул вацазда гурх1улев, гьезда т1асса лъугьулев, жинцца щибго жоялъе лаг1нат кьоларев, жив хьандоларев, жинца гъибат гьабуларев. Бер ин, х1асад гьаби, мац1 гьаби гьеч1ев. Х1ал хъублъи, г1амал к1одолъи, цогидаздасан живго лъик1авлъун вихьин гьеч1ев, дунялалда хьул халалъи гьеч1ев, гъафлат- кьжи г1емер гьеч1ев. Мунафикълъи, бахиллъи, жасуслъи жиндилъ гьеч1ев.

Гъумер бит1и, разилъи жиндилъ бугев. Аллагьасе г1оло бокьулев ва Аллагьасе г1оло ццим бахъулев. Жиндар зад (ахираталда цадахъ бук1унеб жо) Аллагьасдасан х1инкъи бугев, жиндир мурад ахират бугев, жиндир гьалмагъ Аллагь рехсей бугев, жиндир вокьулевлъунги Аллагь вугев вук1ана- абун.

Дуца дур нафсалъул х1исаб гьабе диналъул вац ва гьал сифатал дурго сифатазда рорцун лъик1аб босун квешаб рехун хьваде. Аллагьас нилъеда гурх1ел гьабеги.

Фузайл бин Г1ияз жинца абулев вук1ана: муъминчияс чамасдак1ил гъвет1 ч1вала ва гьев х1инкъун вук1ула гьеб зазил гъвет1лъун бижиладаян

абун. Мунафикъас зазил гъвет1 ч1вала ва гьесул хьул бук1ула гьелда чамаст1ак1 бижилан абун.

**Жидеда Аллагь разилъаял свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** жидеца ахираталъул г1амал ццебе ккезабулел дунялалъул г1амалаздасан. Хинаб босенги тун ц1ороораб хасалил сардилъ тагьажуд базе вахъулев г1адинго рогьалил как бан хадуги г1ибадат гьабиялда т1ад ч1ола абун. Гьел т1абиг1атал чорхолъ гьеч1ел чаг1и рогьалилъ т1ад рахъаралго дунялалъул г1амалазда лъугьула ва гьел салих1иназул нухалдасан рахъарал г1адамал руго.

Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Нужее нужер умумулги васалги г1агарлъиги руччабиги боц1и-малги дарам -базарги мина- мулкги Аллагьасдасан ва гьесул расуласдасан ва гьесул диналъе г1оло гъазават гьабиялдасан хирияблъун батани нуж Аллагьасул амру т1аде щвеялда хъвараллъи ккун рук1а (ай г1азаб щвеялда). Х1акълъунго Аллагьас фасикъаб къавм х1акъаб нухда т1урит1уларо»- абун.

Цогиги Аллагьас абуна: «Жиндие ахират бокьарав чиясе дица гьеб ц1ик1ине гьабун кьола, дунял бокьарав чиясе дица гьеб кьола, амма гьесий ахираталъул бут1а бук1уларо»- абун.

Малик бин Динарица абуна: дунялалъулгун ригьин гьабизе бокьун гьелда хит1аб гьабурав чиясдасан дунялалъ т1алаб гьабула гьев чияс жиндир кинабго дин магьариде лъей, гьедин гурони дунял разилъуларо абун. Ай дунял бокьарав чиясул дин бук1уларо абураб маг1на буго гьеб раг1иялъул.

**Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** бусурбабазул хобазда зиярат г1емер гьабулел рук1ин, аварагасул раг1иялда нахърилъун: «Дица нужеда абун бук1ана хабалазда зиярат гьабугеян, гьанже дица абулеб буго нужеца зиярат гьабеян. Гьеб зияраталъ нужеда ахират рак1алда щвезабула»- абураб.

Кидаго Аллагь рехсеялдасан ва аварвагасда свалат бит1иналдасан жал гъафуллъуларел рук1ана, кинаб мажлисалда жал г1одо ч1ананиги, аварагасул

раг1иялда нахърилъун: «Щиб мажлисалда бусурбаби г1одор ч1аниги, гьеб мажлисалдасан жал Аллагь рехсеч1ого аварагасда свалат бит1ич1ого т1аде рахъани, гьеб мажлис буго къияммасеб къоялъ гьезие г1азаблъун батулеб»- абураб.

Фузайл бин Г1иязица абулаан: нужеца нужер мажлисалда г1адамаздасан хабар бицараб мехалъ гьелда хадуб Аллагь рехсей нахъа рег1инабе, гьеб буго г1адамал рехсейлъун бугеб унтиялъул дару абун.

Абулмалихl вук1ана жинца Аллагь рехсараб мехалъ жив ц1акъ вохулев ва гьес абулаан  дун вохулев вуго Аллагьас дун рехсеялдалъун абун. Аллагьас абун бугелъул: «Нужеца дун рехсе, дица нужги рехсезе руго»-абун.

Гьев Абулмалих1 цо нухда унаго Аллагь гьесие рехсезе к1очани, т1адеги вусун Аллагьги рехсолаго унаан ва жинцаги абулаан: дие бокьун буго дун хьвадараб бак1алъ дие нуг1лъи гьабизе абун. ай Аллагь рехсолев чи вук1анин абун нуг1лъи гьабизе.

Ях1я бин Муг1азица абулаан: нужеца рак1ал ц1и гьаре Аллагь рехсеялдалъун, гьел рак1ал ц1акъ хехго гъафлат т1аде бач1унел жал руго абун.

**Жидеда Аллагь разилъаял свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** рак1 т1еренал рук1ин ва жидер к1арчанлъи гъафлаталда рак1 бух1ун г1одулел рук1ин, Аллагь гурх1иялда хьуллъун рук1унеб.

Г1умар бин Хат1абил гьумералда к1иго ч1ег1ераб мухъ бук1ана жив г1емер г1одун маг1о бач1ун лъугьараб. Ибну г1аббасил беразул гъоркьияб рахъ биччараб хьиталъул рохьенг1адаб бук1ана г1емер г1оди сабаблъун.

Г1али бин Абут1алиб цо рогьалил какдасан вахъана х1ал хисун, кверал сверизарулаго ва гьес абуна: дида г1емерал аварагасул асх1абзаби рихьана амма жакъа дида рихьулел г1адамал гьел асх1абзабада релъараб бак1 гьеч1ел руго. Гьел асх1абзаби мискинал, факъирал рук1ана, сардилъги рахъулаан, рохьор гъут1би г1адин Аллагь рехсолаго рохърахъалда хьвалаан, Аллагьасдасан х1инкъун

г1одулаан, къуран г1емер ц1алулаан. Валлагьи, дун жакъа гъафулаб къавмалда гьоркьов ккаравлъун вихьула- абун. Гьеб къоялдаса хадув гьев велъулев вихьич1о жив Мулжимица ч1вазаг1ан.

Фузайл бин Г1иязица абулаан: лъик1ал чаг1азул г1аламат буго гьел кьер т1огьилал берал г1одарал рук1ин, макьу теялъ гьумер хисун рук1ин абун.

Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана гьез ч1ах1иял минаби хъалаби ралареб. Жидер х1ажат т1убазе ва ч1ух1и гьеч1еб х1алалъ балаан нагагь барс мина рукъги. Гьелъул г1иллаги бук1ана гьел минаби разег1адаб х1алалаб ризкъи щун гут1и, дунялалдаса хьул къокъал рук1инги.

Свалих1иназул цо чи щвана ц1акъ мух1кан гьабун к1удиял минаби ралев чиясда т1аде ва гьес абуна: Дуца даимго дунялалда рук1улезул мина балеб буго. Дуца пикру гьабуни дуда лъала мун гьенив жанив г1емералъ хут1улареблъи. Арак гъвет1алъул раг1адги г1ураб буго метер жив къокъун ине вук1ин лъалев чиясе - абун.

Суфян бин Саврияс абулаан: Я ибн Адам, мун дунялалда рик1к1ара къояз вук1изесев вуго ва цо-цо къо унщинахъ мун дунялалдаса унев вуго абун.

**Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** бусурбабазда ц1акъ гурх1улелльун рук1ин, Алолагьасе мут1иг1ал рук1а яги г1асиял рук1а. Гьединго цогидал х1айваназдаги гурх1улаан. гьаб бук1ана гьезул бищунго берцинаб т1абиг1аталдасан ва гьеб т1абиг1атги щоларо Аллагьас жидер рак1азда нур базабурал чаг1азе гурони.

Жидерго нафсаздасанги лъик1 гурх1улаан гьел г1адамазда. Гьеб бук1ана гьел аварагасул ирс босарал рук1иялъул г1аламат. Т1адег1анав Аллагьас аварагасе сифат гьабун абуна: «Жив муъминзабазда ц1акъ гурх1улев»-абун.

Маг1руф абулев вали вук1ана жинда цо г1асилъи гьабулев чи виккараб мехалъ жинца гьесул мунагьал чуреян абун дуг1а гьабулев ва гьесда Аллагь гурх1аян абулев. Ва гьес абулаан: Аллагьас хирияв авараг вит1ана г1адамазе рах1матлъун ва гьел

жужах1алдаса хвасар гьарулевлъунги. Ва жинда наг1ана лъеяб щайт1ан бит1ана г1адамал гьалаг гьаризе ва гьезда гьоркьоб къварилъи баллагь ккезабизеги. Нилъедаги т1адаб буго аварагасул т1абиг1ат квезе ва щайт1аналъул т1абиг1ат рехизе абун.

Ибрагьим бин Таймийи абурав валияс кидаго квешаб дуг1а гьабулароан жиндие зулму гьабурав чиясегицин, жинцаги абулаан гьесие г1езе буго гьеб зулму гьабун щвараб къварилъи абун.

Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана жидерго нафсал квегъиялда т1ад ч1ей гьабулел рук1ин. Гьез мех-мехалъ жидер нафсазул г1айибал хал гьарулаан ва жидер лъик1аб г1амалги лъик1аблъунго бихьулароан.

Масала: Т1адег1анав Аллагьасул раг1и раг1араб мехалъ: «Жидеда жо лъалелги лъаларелги г1адамал къааур бащадал рук1унищ?»- абураб, гьез жалго жагьилзабилъун х1исаб гьабулаан ва жидер гьалмагъзаби г1алимзабилъун х1исаб гьабулаан ва жив гьезда ващадавлъун гьеч1ин, жив г1одог1анав вугин рик1к1улаан.

Гьаб буго жидер нафс квегъич1ел чаг1азул бук1унеб пикруялъул г1аксаб пикру. Дуца гьалъул фикру гьабе диналъул вац ва дуца нафс квегъиялда т1аде ч1ей гьабе, дуе ц1акъ к1удияб рах1мат щвезе буго.

**Аллагь разилъаял свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** жидер дуг1аялъе жавб кьей т1алаб гьабунгут1и, жидерго нафсалъе дуг1а гьабураб мемалъ. Г1адамазе дуг1а гьабулеб мехалъ жаваб кьеян гьарун, х1елун дуг1а гьабулаан.

Цо ханасул хъулухъчияс Малмк бин Динарида ц1ал къабана. Цинги Маликица абуна гьасул квер къот1е бет1ергьан абун. Нахъисеб къоялъ гьесул квер къот1ун батана. Цо чияс Мат1раф бин Г1абдуллагьида гьерес г1унт1изабуна. Мат1рафица абуна я Аллагь, гьав чи гьерес бицулев ватани гьав чи хвезавеян. Гьев чи балагьун г1адамалго г1одов ккана.

Гьел свалихӀиназул тӀабигӀат букӀана цониги чиясда мун дир гьалмагъ вугин, диналъул вацц вугин абуларел цин жиндир нафсалъул хӀисаб гьабун гурони: гьев чиясе жиндир боцӀи- мал бикьизе кӀвезе бугодай абун ва гьесда щвараб къварилъи жиндаго щвараб гӀадин захӀмалъизе бугодай абунги. Гьедин жив хьвадизе вукӀин лъанани гьев чиясда абулаан мун дир диналъул вацц вугин ва дие мун Аллагьасе гӀоло вокьулин абун. Гьедин хьвадизе гьечӀони жив вуцӀун чӀолаан, гьерес бицунев чилъун вукӀизе бокьичӀого.

Гьаб заманалъ гьединал чагӀи кереха ратилеб, диналъул ваццал?

Гьел свалихӀиназул тӀабигӀат букӀана гӀассиял гӀадамаздаги гурхӀел гьабулел ва гьел гӀодогӀан гьаруларел рукӀин, ва жидерго нафсаздалъунги гьел хвасар гьаризе бокьулел рукӀин.

Зугьайр бин НагӀимица абулаан дие дир гьан къотӀ-къотӀун базе бокьила цониги чи Аллагьасе гӀасилъилалдасан абун. МатӀраф бин ГӀабдуллагьица абулаан жив гӀассияв чиясда гурхӀун гьесие кумек гьбизе кӀочӀев чияс гьесул мунагьал чуреян гьарун дугӀа гьабе ва гьесие тавбу гьабеянги тӀалаб гьабе. Малаиказул тӀабигӀат буго жидеца ракьалда ругезул мунагьал чури тӀалаб гьабулелрукӀин абун.

**Гьел свалихӀиназул тӀабигӀат букӀана** дагьабго магӀишалда разилъун гьелда гӀей гьабун чӀей, гӀемераб жо тӀалаб гьабуларел, боцӀи- мал бугониги ретӀер- квен бугониги мина- мулк ва цогидаб жо бугониги.

Вагьб бин Манбагьица абулаан: бечелъиги къадру кӀодолъиги къватӀире рахъун руго жал аскӀор гӀодор чӀезе гьалмагълъун кквезе рекъарав чиги цӀехон ва гьел чӀчӀун руго дагьабго жоялда разилъулев чиясда аскӀор абун. Ай дагьалда гӀей гьабулев чи жив бечедав ва жиндир къадро кӀудияв вуго.

МухӀаммад бин ВасигӀ вукӀана жинца цӀангун цадахъ чед кваналев ва жинца абулев: дунялалдаса

гьадин дагьаб жоялда разилъун ч1арав чи г1адамазда аск1ов г1одог1анлъизе кколаро абун.

Суфян Савриясги абулаан дунялалда пурч1инадул чедалда разилъич1ев чи г1одог1анлъи х1акъирлъи х1ехьзе ккола абун. Цо нухалъ гьесдаса маг1ишат т1алаб гьабизе изну гьарана цо чияс ва Суфяница гьесие жаваб гьабуна маг1ишат т1алаб гьабурав чи щуго жоялъулъ ккола: хьул халалъиялъулъ, дунял т1алаб гьабун ях1 бахъи г1емерлъиялъулъ, бахиллъиялъулъ, ахират к1очеялъулъ, вараг1 дагьлъиялъулъ.

Жидеда Аллагь разилъаял свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана жидеда ахират якъинго, къуваталда лъалел рук1ин. Х1атта цо-цо вализаби рук1ана рак1ил бералдалъун ахиратги гьелъул ниг1маталги рихьулел, жидер дагьабги ихлас вараг1 ц1ик1изе, дунял тун ахират т1алаб гьабиги ц1ик1изе. Гьедин якъинго ахиратги гьелъул ниг1матал г1азабалги лъалел гьеч1они гьев чи ахират т1алаб гьабиялдасан рик1к1ад вуго.

Г1абдуллагь бин Саламица абулаан: жинда ахират бералде ццебе ч1ун бихьуларев чи дунял т1алаб гьабулаbевлъун ч1ун ахират т1алаб гьабизе лъугьин бат1улаб жо буго ва гьев жинца щолареб жоялда къасд гьабурав чи вуго абун.

Гьел свалих1иназ имамгун цадахъ как бухьизе ях1 бахъун т1алаб гьабулаан гьелда жаниб Аллагьасул амру к1одо гьаби бук1ин бихьун. Муса аварагасул къиса бицулаго Къураналда абуна: «Дун духъе хехлъана Аллагь, мун разилъиялъе г1оло»-абун.

Мунафикъасул сифат бицун Аллагьас абуна: «Жал как базе абун эхеде рахъулеб мехалъ ц1акъго к1вах1алъун рахъула»-абун.

Гьел свалих1инал гьеб дунял ц1акъ пайда гьеч1еб жолъун бихьулел, гьеб реххун тарал рук1ана, аварагасул раг1иялда нахърилъун: гьаб дунял ахираталде данди боцани ралъдалъе ччураб килищалда т1ад бач1улб г1анаб дагьаб жо буго. Нуж балагьеха щиб жодай гьеб килищалде т1ад бач1улаян абун.

Цогиги х1адис буго: гьаб дуниял Бет1ергьанасда аск1об к1к1арадал к1варкьи г1адаб жониги бук1арабани Аллагьас цо к1ал ц1езег1анаб лъимцин кьезе бук1ич1о капуразе абун. Ай щибго къимат гьеч1еб жо бук1ун кьуна капурчиясе дунялалъул боц1и-мал.

Малик бин Динарица абулаан: нуж ц1уне г1алимзабазеги сих1ру гьабулей сих1ру ч1ужуялдасан. Гьел г1алимзабиги Аллагьасдасан машгъул гьарула гьелъ. Гьей сихру ч1ужу дунял буго. Гьелъул сих1руги ц1акъ къабих1аб буго Гьарутил Марутил сих1руялдасанги. Гьезул сих1ру бук1ана рос- лъади рат1а гьарулеб, амма дунялалъ бут1ергьанасдасан лагъ т1езе гьавула абун.

**Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** жидее щвараб х1алалаб боц1и исраф гьабулареб. Гьеб х1алалаб боц1и кинабго заманаялъ къанаг1атаб, ц1акъ дагьаб бук1ана. Х1алалаб ризкъи т1алаб гьаби ццебе гьабулаан гьез цогидал к1вар бугел жалаздасанги. Гьел рук1ана Аллагь разилъи ва ахират т1алаб гьабулеллъун. Гьеб к1иябго жоги х1арамаб яги шубгьаяб жоги кванан щоларо. Х1арамаб жо кванарасдаса х1арамал г1амалал рук1ула. Х1атта х1арамаб жоги кванан Аллагьасеги мут1иг1лъун хьвадизе лъугьаниги гьесдасан гьеб бажаруларо.

Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Я гьал аварагзаби, нужеца х1алалаб лъик1аб бац1адаб жо кванай ва лъик1ал г1амалалги гьаре»-абун.

Х1алалаб жо кванай бищунго т1аг1аталъе г1ибадаталъе квер бакъи гьабулеб жо буго. Юнус бин Г1убайд вук1ана жинца абулев гьаб заманаялъ цо т1убараб х1алалаб динар щоларо, гьедин щваниги унтарасе дарулъун сверизе гьабилаан абун.

Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана цоцазе ваг1за -насих1ат гьабулеб ва васият гьабулеб ва жидеца гьебги къабул гьабулеб. Ва жиндий ваг1за насих1ат гьабурасе шукруги гьабулеб. Масала жинда лъик1аб жо малъарав чиясе г1умруялъго лъик1лъи гьабуниги гьебги дугьаб буго абун кколаан гьезул

рак1алда. Гьелъие г1иллаги буго ахираталъул умурал дунялалъул боц1уда данде рорцун рекъоларо ва рашагъуларо.

Х1асанул Басриясда цо чияс абуна дуца дидахун цо васият гьабе абун (цо лъик1аб жо малъе абун). Х1асанул Басрияс абуна: дуца Аллагьасул амру к1одо гьабе мун кив вугониги, Аллагьас мунги к1одо гьавизе вуго мун вугеб кинабго бак1алда абун.

Цо нухалъ Х1асанул Басриялда цо чи раг1ана жинца абулев жиндий вокьарав чигун вук1ула г1адан ахираталдаги абун. Х1асанул Басрияс абуна мун гьеб раг1иялъ гуккизе ч1оге дир вас. Дуй лъик1ал г1адамал рокьана абун мун гьезда хадув гъоларо ва гьелгун цадахъ вук1уларо гьез гьабулеб г1адинго дуцаги лъик1аб г1амал гьабич1они.

Масала ягьудиязеги насраниязеги жидер аварагзаби рокьула амма гьел гьелгун цадахъ рук1изе гьеч1о, жидеца гьез малъараб нух тедалго ва гьезул динги хисизабидалго. Дица г1ажаиблъи гьабула жидеда квен- т1ехъ цадахъ босе ва нуж сапаралда ине руго абурал г1адамал паракъат г1одор ч1ч1ун релъа-роххун киндай хьвадула абун. Жив хвезе вук1ин лъалев чи ахираалъе х1адурич1ого кин вук1улеб абураб маг1на.

**Жидеда Аллагь разилъаял свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** жидеца гьабулеб лъик1аб г1амал ва г1ибадат ц1акъ дагьаблъун рик1к1улеб. Кинабго г1аламалъ гьабурабг1ан г1емер г1ибадат гьабуниги Аллагьасул х1акъазул цох1о зарра г1адаб жо гьабич1о жидеца абун рук1унеб.

Аллагьасул свалат салам лъея авараг жиндир х1ат1алги бохдулги гьорозег1ан сардилъ вахъун какал разе вахъун ч1ч1едалго асх1абзабаз абуна дур цереселги нахъиялги мунагьал чурана абун къуръанги рещт1ун бук1адго дуца гьадиг1анго нафсалъе щай х1ал гьабулеб абун, аврагас абуна: «Дун Аллагьасе шукру рецц гьабулевлъун вук1иларищ?»- абун. Ай дицца Аллагьасе щукру гьабизе ккола абураб маг1на.

Гьел салих1инал сордо бач1араб мехалъ роххулаан Аллагьасе г1ибадат гьабизе г1адамаздасан рахчизе щолеб бугин абун ва къо бач1араб мехалъ пашманлъулаан дунялалъул ургъелаз Аллагьасе гьабулеб г1ибадаталдасан машгъул гьарила абун.

Масала: жидеда метер къияммасеб къо бач1ине бугин абураб мехалъ гьабизе бук1аралдаса т1ок1аб жо т1аде ц1ик1ине гьабизе к1олареб х1алалъ нафсал г1ибадаталда машгъул гьарулаан, жидеда Аллагь разилъаяз.

жидер г1елму г1амалалда жаниб мекъаб бат1улаб жо лъугьиналдаса х1инкъун рук1анаан гьел свалих1инал ва уммат т1ибит1иялъул гъалат1 ккеялда х1инкъулаан дунялалъул ва ахираталъул умуразул.

Г1емер хабар бицинеги х1икъулаан гьел, жидеца бицулеб жоялдаги жидер г1амалалдаги гьоркьоб хилифлъи ккеладай абун.

Фузайл бин Г1иязица абулаан жиндие г1адамазе динарал къезе бигьияб бук1ула гьезие хабар бициналдаса абун. Г1абдуллагь бин Г1умарица абулан нужеца г1елмуги хвезабуна, гьелъул нурги инабуна, дунги нужги Г1умар асх1абида рихьулелани гьес нилъ кьабун г1одизе гьарилаан абун.

Гьел салафу свалих1иназ хабар бицунеб бук1инч1о гьаб гьабила доб гьабила абун. Сих1 къот1ун жидеца лъик1аб г1амал гьабулел рук1ана. Гьелдаса хадур ругел г1адамал лъугьана жидеца хабар бицулел г1амалги гьабулеллъун. Гьездасанги хадур г1адамал лъугьана жидеца хабар бицулел г1амалги гьабулареллъун. Ахир заманаялъ г1адамал рук1изе руго жидеца хабарги бицунарел г1амалги гьабуларел.

Г1абдурах1ман Салмияс абуна нижеда г1адамал рихьана: жидеца Къуръаналдасан анц1го аятги ц1алун ч1олаан гьеб анц1го аят лъазаг1ан ва гьелда г1амал гьабизаг1ан абун.

Суфяну Саврияс абуна: г1елмуялъ жив г1одизе гьавурав чи вуго г1алимчи абун.

Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Нужеда ццересел жидехъе т1ехь кьурал г1адамазе Аллагьасул калам

ц1алараб мехалъ гьел суждаялда ун ракьалда гьурмалги цузарун г1одула ва жидецаги абула: Мун вац1адав вуго бет1ергьан ва Дуца бицараб жоги жиб лъугьунеб, х1акъаб буго абун. Ва гьел суждаялда уна ва жегиги г1одула ва гьезул Аллагьасдасан х1инкъи т1адеги ц1ик1уна»- абун.

**Гьел свалихх1иназул т1абиг1ат бук1ана** жидеца хириял асх1абзабазул т1абиг1ат г1амал ц1ехолел ва гьез хьвадизабураб нух хьвадизаби: квен бук1а рет1ел бук1а г1арац месеб бук1а налъи т1убай къот1и т1убай бук1а, Къварилъи х1ехьей бук1а.

Гьаб заманаялъул г1адамал гьеб г1амал гьабиялдаса ц1акъ рик1к1ад руго. Масала: гьанже цояс гьикъула жинда лъалел г1адамазда нужер х1ал щиб бугебан абун. Лъик1 бугоян гьез жавабги кьола. Гьикъулевги щибго к1вар гьеч1ого г1адатияб жолъун ккун гьикъулев вук1ула. Жаваб кьолевги киг1ан къварилъи бугониги лъик1 **буго абун** жаваб кьолев вуго, жиндий квер бакъи рак1 бух1и щолареблъиги лъан.

Амма свалих1иназул г1адат бук1ана жидеца щиб х1ал бугебан гькъулареб, жидеца гьесул къварилъи борхизе бук1ун гурони. Гьедин ният гьеч1они гьев чи мунафикъ ккола.

Гьел свалих1инал цоцалазул х1ал гьикъулел рук1ана, гьез Алх1амдулиллагь абун Аллагьасе рецц гьабизе бокьун ва киназего ажру кири щвезеги бокьун.

Абубакрида гьикъана дуца кин сордр рогьараб абун. Гьес абуна: Аллагьасе х1елулев ва гьесул амруялда мут1иг1ав лагълъун рогьана абун.

Имам Шафиг1ицаги абуна дун бет1ергьанасул ризкъи кваналевлъун ва гьесие шукру гьабулевлъун ватана дида абун.

Малик бин Динарица абуна дир г1умру нукъсанлъулев, мунагьал ц1ик1улевлъун ватана дида дун абун.

**Аллагь разилъаял свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** щайтаналда рагъ гьабиялдасан жал гъафуллъулареб ва даимго кинаб рахъалдасандай

гьелъ макру х1илла гьабила абун хъаравуллъи гьабун, нафсалъул х1ал ц1ехон рук1улеб. Гьаб т1абиг1атги гьанже киналго г1адамал жиндасан гъафуллъараб буго.

Амма шайт1ан нилъедаса гъапуллъун гьеч1о, гьеб кидаго х1алт1улеб буго лагъ бет1ергьанасе г1асилъиялъулъ ккезавизе ва гьесда Аллагьасул ццимги бахъинабизе. Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Гьеб шайт1ан нужее тушман буго, нужеца гьебги тушманлъун ккве. Щайт1аналъ жинда нахърилъарал г1адамал жужах1алда лъугьиялда ах1ула»- абун.

Цогиги Аллагьас абуна: «Я гьал иман лъурал г1адамал, нуж щайт1аналъ бихьизабураб нухалдасан хьвадуге. Гьеб щайт1аналъ квешаб къабих1аб жоялда ах1ула, ва Аллагьасе бокьулареб жо гьабизе ах1ула»- абун.

Цо х1адисалдаги абуна: гьеб иблисалъ жиндир г1арш (тах) ралъдаде т1ад лъола ва г1адамазде т1аде жиндир аскарал рит1ула. Бищунго иблисалда аск1об къадру к1удияблъун бук1уна жинца бищунго г1емер г1адамал къосизабураб щайт1ан абун.

Фузайл бин Г1иязица абулаан: гьеб иблисалъ инсанасул лъабго жоялъул цо жо жиндихъе щвараб мехалъ абула гьанже дие г1езе буго, гьанже гьав чи дир чи лъугьана абун. Гьеб лъабго жоги: Инсан жиндирго нафсалда разилъи ва гьев гьелдасан ч1ух1и буго. Жинца гьабулеб г1амал г1емераблъун бихьиги буго. Гьесда жиндир мунагьал к1очейги буго.

Воре диналъул вац мун иблисалъ гуккизе ч1оге, гьеб дуда хадуб ч1ун бук1инги лъай. Мун лъик1аб г1амал гьабиялда ва гьеб г1емерлъиялда хьвадизе лъугьараб мехалъ гьелда жанибги иблисалъул макру буго абун ц1акъ пикру гьабе ва дуе гьеб г1амалалда жаниб цо бут1а щайт1аналъе бокьулеб батизе буго.

**Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** жал рик1алъи ч1ух1и ва к1одолъи ра1алда кколел жалаздасан. Масала: диналъул вацасухъ зияраталъе ун гут1и г1адаб цо гьит1инаб лъимер хвани гьеб хабалъ лъезе ун гут1и г1адаб, унтараб мехал ваккизе ун гут1и г1адабги.

Гьел вализаби ва свалих1инал дунялалдаги ахираталдаги цогидал муъминзабадасан ццере т1урал руго жал гурх1ел рах1му бугел, х1елулел, г1одориччан, нечон рук1унел рук1иналдалъун.

Цо жаназаялда аск1ор щвараб мехалъ гьел ц1акъ пашманлъун рук1улаан, Жал хвезе рук1инги, жидер Бет1ергьанасда аск1об г1емераб к1арчанлъи ва тохлъи бук1инги рак1алда щун, гьесие гьабулеб г1ибадат г1амалалъулъ.

Гьеб жаназагун цадахъ унеб мехалъ щибго дунялалъул хабарги буцулароан, х1атта гьаракьраг1уледухъ Аллагьги рехсолароан, ч1ух1араб рет1елги рет1улароан. Гьелъие г1иллаги буго хварав чиясе щафаг1ат гьабизе къват1ир рахъун рук1ин ва гьеб шафаг1ат (дуг1а) къабул гьабиги ч1ух1и-рецц гьеч1ого, г1одог1анлъун х1елун ругеб мехалъ жинда ккул лъолеб буго. Гьедин къват1ире рахъула ц1ад гьаризеги.

Гьеб жаназа бихьун хадуб гьезул г1емераб заман унаан хвел хобалъул фикру рак1илъан унарого пашманлъун, гьормал кьер хисун.

**цогиги гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** масжидалда аск1об мина рукъ бук1ине бокьин, гьенир хехго щвезе ва г1одор ч1ун г1ибадат гьабизе рес бук1изе.

Т1адег1анав Аллагьасул раг1иги бугелъул: « Масжидазда Аллагь рехсон гьаракь борхизе изну кьуна, радал бакъанида Аллагьасе тасбих1ги гьабизе. Гьел руго бах1арзал, дарам базар гьабиялъ Аллагь рехсеялдасан ва х1укъукъал т1убан жамаг1ат гьабун как баялдасаги машгъул гьаруларел» -абун.

Фузайл бин Г1иязица абулаан: ниж нахъ рег1ана свалих1иназул жамаг1талда, масжидалда г1одор ч1ун ругебг1ан мехалъ щибго цоцадехун калам гьабич1ого х1узур хушуг1алда рук1унел абун.

Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана жал дарам базаралда г1одор ч1олареб цин цебеккун гьеб дарам базаралъул ах1камал лъазарун гурони ва жал гьеб дарам базаралъ ахираталдасан машгъул гьариларо абун рак1 ч1ун бук1ун гурони. Ахираталдасан

машгъул гьабулеб щинаб жо дунял ахираталъе баллагьлъун сверула муъминчиясе.

Имам Малик вук1ана жинца амирзабазда амру гьабун цо-цо нухалъ дарам гьабулел г1адамал данде гьарулев ва гьезда дарам гьабизе лъалеб бугодаян х1ал бихьулев. Гьеб лъаларев чи дарам гьабизе виччалароан ва гьесда абулаан дуца шарг1алда рекъон дарам гьабизе лъазе гьабе, гьедин гьеч1они мун вук1ула риба кваналев чи дуда лъаниги лъач1ониги абун.

Гьев имамасул г1амалалъул камиллъи балагье диналъул вацал, ва нужеца гьабулеб жоялъул пикруги гьабе. Цох1о гъурущ т1ок1лъун щолеблъи лъанани х1арамаб жоялда к1анц1ула ва шарг1ги к1очон тола.

 Жинда Аллагь гурх1аяв Къатадатица абулаан: дица г1ажаиблъи гьабула дарам гьабулев чиясда къоялъ гьедарулев вук1улев ва къаси щвараб хайиралъул х1исаб гьабулев вук1унев. Гьев чи х1арамаб жоялдасан киндай ворч1ила ва г1азабалдасан киндай хвасрлъила абун.

**Гьел салих1иназул т1абиг1ат бук1ана** щибаб фаризаяб как базе мех щвелалде жал х1адурлъулел бет1ергьан Аллагьасда щцере рахъун ч1езе ва какий чури байбихьаралдаса жидер рак1 х1узуралда ч1езабун, Аллагьу Таг1алаясда х1елун, хушуг1 гьабун, гьеб как балеб мехалъ кинабниги жо к1очон толеб.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: щуго как буго Аллагьас лагъасда т1ад лъураб. Гьеб щуго как т1убан, щибго жо г1ададе хвезе теч1ого барав чиясе Аллагьас гьабурб къот1и буго жив алжаналъув лъугьизавила абун.

Жинда Аллагь гурх1аяв Х1асанул Басриясда цо чи как балев вихьана ва жиндир мегеж квералъ гважалев ва суждаялда араб мехалъ жинца абулев: «Я дир бет1ергьан Аллагь, дуца дий алжанлъул х1урулг1ин кье дир бер бохулей-разилъулей»-абун. Х1асанул басрияс гьесда абуна дида мун г1анав нич т1аг1арав

чи вихьич1о: Бет1ергьанасда х1урулг1ин гьарулев ва мун какилъ махсараби гьарулевги вук1адго абун.

Гьел свалих1инал жидеца лъик1ал г1амалал гьарич1ого ч1олел рук1ич1о Бет1ергьан Аллагь гурх1ила т1аса лъугьила абурал раг1абаз гуккун. Щибаб къоялъ гьез г1ибадат т1аг1ат ц1иккизабулеб бук1ана ва цинги Аллагьасул ц1об рах1маталда хьул лъун рук1унел рук1ана ва амма жидер г1амалазда мугъ ч1валел рук1инч1о.

Гьезул цояз г1ибадат гьабун заг1ифлъун хьабалухъа г1уч1ал загьирлъун ругеб мехалъ гьезда цогидаз абидалго: Аллагь гурх1ел рах1му г1емерав вуго нафсалда гурх1ел гьабе абун, жидеца гьев чиясе х1инкъи кьолаан мун гьедин к1алъаге, дуца бицулеб раг1и бит1араб буго ва амма гьев Аллагь гурх1улев вук1ун гурони гьес нилъ гьалаг гьарилаан нилъер г1ибадаталъулъ ругел мунагьаздалъун цогидал г1ассилъаби гьеч1ониги абун.

Х1узейфагь бин Къатадат вук1ана жинца абулев: цо чияс дида абуни дур г1амал ахираталда божуларев чиясул г1амал руго абун дица гьев чиясул раг1и бит1араб бугоян абилаан. Ай гьедин жидер г1амал дагьаблъун г1одог1анлъун бихьулел рук1ана.

Дуца ях1 бахъе диналъул вац мун Аллагьасдасан х1инкъизе шарг1ияб нухалдалъун. Дуе гьеб лъик1 буго хадуб истигъфар гьабиялдаса ва хадуб рак1 бух1ун зигардиялдасаги.

**Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** жидеда щвараб къварилъи-балагьалда сабру г1емерал рук1ин ва жидер щим бахъун гут1иги Бет1ергьанас къадар гьабун бач1араб жоялда. Гьез абулаан сабру гьабизе к1веч1они сабру гьабулеллъунг1аги рук1аян абун, хирияв аварагасул х1адисалъе г1оло: «Жив сабру гьабулевлъун ч1арав чиясе бет1ергьанас сабру кьола»- абураб.

Жинца сабру гьабич1ев чиясда малаиказ ахираталда абуларо: «Нужее салам буго нужеца дунялалда гьабураб сабруялдалъун»- абун. Сабру гьабич1ел г1адамал гьеб къоялъ пашманал къваридал рук1ула

ва жидее лъик1аб ахират щвеялда божи гьеч1ого рук1уна.

Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Бет1ергьанас жидеца сабру гьабурал г1адамазе ажру ц1ик1инабула х1исабго гьеч1ого»- абун. ай г1емер ц1ик1инабула.

Цоги Аллагьас абуна: «Дуца рохел бице Мух1аммад, жидеда цо къварилъи щвараб мехалъ сабру гьабун жидеца: инна лиллагьи ва инна илайгьи ражиг1ун абулел г1адамазе. Гьезие Бет1ергьанасул свалат буго ва рах1мат буго ва гьел бит1араб нухда т1орит1арал г1адамал руго»- абун.

Г1умар бин Г1адулг1азизица абуна: Гьаб дунял жиндилъ къварилъи гьеч1еб, ниг1матазул ц1ураб жо бук1арабани гьеб алжан бук1илаан ва ахираталда ине х1ажалъи бук1илароан абун.

Жидеда Аллагь разилъаял свалих1иназ цо г1агарав чи, вас вац хваниги сабру гьабулаан ва гьеб х1укмуялда разилъун, гьеб Аллагьасе бокьараб жо бук1ин лъан рук1лаан. Жидеего бокьараб жоялдаса Аллагьасе бокьараб жо т1аса бищарал рук1ана.

Т1адег1анава Аллагьас абуна: «Инсанасда цониги къварилъи щоларо Аллагьасул х1укму къадар бук1ун гурони. Аллагьасда божарав чиясул ракl гьес х1акъаб жоялда т1обит1ула»-абун.

Маймун бин Магьраница абуна: Бет1ергьанасул х1укмуялда рази гьеч1ев чиясул ах1макълъиялъул г1орхъиго гьеч1о абун.

**Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** ц1акъ г1адамазе лъик1лъи гьабизе бокьулеллъун рук1ин. Диналъул вацасда гьумер бит1изабун, гьесул рак1илъ рохел лъугьинабун хьвади. Жидерго рохелдасан цебе гьабулаан диналъул вац вохин.

Т1адег1анав Аллагьас Мадинаялъул агьлу ансаразе рецц гьабун абуна: «Гьел руго жидеца ват1анги иманги ццебеккунго ккурал, жидеда т1ад рач1арал мугьажиралги рокьулел, боц1и- мал кьун гьезие лъик1лъи гьабизе рак1алъеги рихуларел, ва жидерго нафсалдасан т1аде рач1аразе т1аг1ам кьей т1асса бищулел, ракъун къвечон жалго ругониги. Гьеб г1амал гьабулаго нафсалъулъ бахиллъи къарумлъи

лъугьизе теч1ел г1адамал руго жидер ахираталда алжаналда кверщел батулел, жидее рухелги бугел г1адамал»- абун.

Фузейл бин Г1иязица абулаан: къарзалъе жо кьей лъик1аб г1амаллъун толаро нижеца, гьеб буго жиндие кириги бук1ине ва жидирго мал нахъе басизеги бакьун гьабулб г1амал. Щиб жо инсанасе бокьаниги гьесул х1ажат т1убай буго лъик1аб г1амал абун.

Мух1аммад бин Х1анафиятица абулаан: Жинца лъик1лъи гьабулев чи г1одов кколаро. Г1одов кканиги гьесие зарал кколаро абун.

Цоги валияс абуна: лъик1лъи гьаби т1асса ун дарам гьаби хут1ун буго гьаб заманиялъ. Жиндие данде бит1ун жо кьезелъун гурони цояс цогидасе жо кьолеб гьеч1о абун.

Ибну Г1аббасица абулаан: лък1лъи т1обаларо лъабго хаслъи (г1ламат) цадахъ бук1ун гурони. Хехго гьабиги, жинца гьабураб лъик1лъи дагьлъун биккиги, г1адамаздасан балъго гьабиги.

Ибрагьм бин Адгьамица абулаан: нижеда ниж рихьуларо нижерго боц1ул бет1ергьабилъун, нижер диналъул вацазулги буго гьеб абун гурони абун.

Авс бин Харижатида цояс абуна дун духъе цо гьит1инабго х1ажалъиялъе вач1анаян абун. Авсица гьесда абуна гьит1инаб х1ажаталъе дуца гьит1инав чи валагье абун. Ай дица к1удияб х1ажатги т1убазе буго абураб маг1на буго гьеб.

Жаг1фар бин Мух1аммад вук1ана жинца абулев: жив рокъовги гьеч1ого жиндир диналъул вацц рокъосан жиндий къвариг1араб жо босун ине к1олевлъун гьеч1они гьев диналъул вацц гьеч1о абун. Ай гьелъул маг1на буго: цояв щибго нич намусги гьеч1ого жиндир диналъул вацасда божун гьесул рокъов лъугьулевлъун вук1ин, ва гьес гьабураб жоялда щибниги жо абуларев вук1ин цогидав.

Ал Аг1маш абулев валияс абулаан: Нижеда лъалаан диналъул вацал, г1емер цоцада данде ч1валарел, данде ч1вараб мехалъги шиб х1ал- х1укму

нужер бугебан гьикъи гуреб цоги жоги гьабуларел. Ва амма х1ажалъи ккараб мехалъ гьев вацасе жиндир г1арац-месед, боц1и- мал кьолел ва щибго бахиллъи лъазе гьабуларел. Гьанже г1адамал лъугьун руго жиндир диналъул вацц щибаб къойил ва шибаб саг1аталъ данде ч1ваниги гьесда ц1акъ х1ал гьикъун, хабар ц1ехон, бокьоб бугеб г1анк1уялдаги щун бецен гьбун рук1унеб. Ва амма цо х1ажалъи ккараб мехалъ цох1о диргьамги диналъул ваццасе кьолареб абун.

Гьаб хабар буго диналъул вацал, гьанжеялдаса азарго соналъ ццебе бук1араб х1ал бицин. Гьаб заманалъ ругел г1адамал г1емер х1ал хваралги нафс чорокалги рук1ин ц1акъ загьираб амру буго.

**Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** гьобол хира гьави ва к1одо гьави, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул раг1иялда нахърилъун: «Аллагьасдаги ахираталдаги иман лъурав чияс гьобол хира гьаве!»-абураб.

Анас бин Маликица абулаан: азбаралъул, минаялъул закаг1ат буго гьеб минаялъуб гьоболасе къач1ан х1адурун цо-цо рукъ бук1ин абун.

Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана жидер боц1иялда гьоркьоб шубгьа бугел г1адамазул боц1и ккезе бокьуларел рук1ин. Шубгьа гьоркьоб бугеб бук1уна амир г1адав, дибир г1адав, х1аким г1адав чиясул боц1и.

Х1алалаб бугониги г1адамазул боц1и- малалдасан жо бокьулароан гьезие. Жинда Аллагь разилъаяв Абу Аюб берталъе ах1араб мехалъ гьениб къедазда т1амса бигъун батанани жив нахъ вуссунаан ва жинца абулаан: Къедазда т1амса бигъуларо боц1и-мал г1емерал, г1амал к1удиял г1адамаз гурони ва нижеца гьединал г1адамазул т1аг1ам кваналаро абун.

Цо валияс абуна: бертаби гьариялъул суннат хун буго. Бертин гьабулев чияс т1аг1амалъул х1арчал ц1езарулаан ва гьеб баччулаан масжидалде ва гьебги кваналан мискиназги бечедазги т1адег1анасги г1одог1анасги ва гьенир ругел киналго г1адамазги абун.

Бертин гьабулев чияс бечедал чаг1и хасс гьарун берталъ ах1ун ругони гьесул т1аг1ам лъик1ал г1адамаз кваналароан ва гьез абулаан гьеб бищун квешаб т1аг1ам бугин абун.

Гьел салих1иназул т1абиг1ат бук1ана садакъа кьей г1емер гьабулел рук1ин: щибаб т1ок1лъараб жоялдаса, релъедалги къадги, балъгоги загьиргоги, Т1адег1анав Аллагьасул раг1иялда нахърилъун: «Дуда асх1абзабаз гьикъулеб буго Мух1аммад, щиб жо садакъаялъе кьелеб абун. Дуца гьезда абе т1ок1лъараб жо кьеян абун»- абураб.

Гьеб т1ок1лъиги щивав чиясул т1абиг1аталда рекъон бук1ула. Масала: лъик1ав муъминчиясул жиндие жакъа г1олеб жоялдасан т1ок1лъараб жо садакъаде кьолеб г1адат бук1ула. Бахилав чиясе киг1ан благьаниги жиндир боц1и- малалъул т1ок1лъараб жого бихьуларо.

Цогиги Аллагьас абуна: «Жидеда алжаналдалъун рохел бицарал руго жидеца релъедалги къадги балъгоги загьиргоги боц1и лъик1аб бак1алда кьолел г1адамал. Гьезие Бет1ергьанасда аск1об ажру- кири буго ва гьезие щибго х1инкъиги гьеч1о ва гьел ахираталда пашманлъизеги гьеч1о»- абун.

Жиндир боц1и-мал гьеч1ев чиясул садакъа жиндир къварилъиялдаса г1адамал ц1уни ва гьезул зарал къварилъи жинца баччи буго .

Жив гьарун вач1арав чиясдехун гьумер бит1ун балагьиги, гьев х1инкъизавун нахъч1ван гут1иги ва цо къварилъи х1ажалъи гьеч1ого гьев чияс гьарилароян х1укму гьабиги бук1ана гьел свалих1иназул т1абиг1ат.

Суфяну Саври воххулаан жиндир рагьда гьарулев чи вихьараб мехалъ ва жинца абулаан марх1аба дуе дир мунагьал чуризе вач1арав чи абун.

Фузайлицаги абулаан ц1акъ лъик1 буго гьарулев чи вук1ин. Гьев вуго нилъее ахираталде жо босун унев чи, нилъедаса ужра-мухь босич1ого ва гьеб Аллагьасда ццебе ц1адерабазда лъолев абун.

**Аллагь разилъаял гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** жидеца гьудуллъун кколарев, гьесул х1акъ т1убазе бук1ин лъалев чи гурони. Дуца жиндир мурад- х1акъ т1убач1еб мехалъ дур гьудуласул рак1 дудаса бат1уллъула.

Т1адег1анав Аллагьас хирияб Къураналда абун буго: «Ахираталда гьудулзаби цоцазе тушманлъун ратула, Аллагьасдаса х1инкъун хьвадарал гурони»- абун. Аллагьасдаса х1инкъарав чи Бет1ергьанасунги гьудуласулги диналъул ваццасулги х1акъ т1убалев вук1уна.

Амирул муъминин Г1али асх1абас абулаан: нужеца гьудул гьалмагъасул х1урмат гьабе гьел нелъее дунялалдаги ахираталдаги квер бакъи гьабулел руго. Нужеда ахираталда куфарас абулеб раг1и раг1ич1ищ: «жакъа нилъее шафаг1ат гьабулев чи гьеч1о ва рит1ухъав, нилълъ рокъун нилъеда гурх1ел гьабулев гьудул гьалмагъги гьеч1о»- абун.

Дуца нафсалъул х1ал бикке диналъул вац ва мунго пикру гьабун валагье дуца диналъул вацасул х1акъ т1обан бугодай абун. Гьез дудехъун аманат гьабидал ва раг1иялдалъун, х1алалдалъун дудасан цо жо къвариг1ун бук1ин лъазабураб мехалъ гьеб жо дуца т1обанищ абунги.

Гьезулгун дуца гьабулеб гьалмагъли Аллагьасе г1олойищ бугеб яги дурго нафсалъе цо мурад бук1инищ бугеб? Аллагьасе г1оло гьеч1еб щинаб жо дуе дунялалдаги ахираталдаги балагь бук1ин лъай дуда.

Гьудул гьалмагъас дур мурад х1ажалъи т1убалевлъун вук1ич1ого, мун вук1а гьесул х1ажатги мурадги т1убалевлъун, дуда Аллагь гурх1аяв.

Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана г1адамаздехун тушманлъи гьабуларел рук1ин ва гьезулгун х1ал рекъезабулел рук1ин. Жидее гьабураб квешлъиялда данде гьезие квешлъи гьабулароан. Г1адамаз гьездехун г1емераб тущманлъи гьабулаан ва амма гьел свалих1инал гьеб т1асан лъугьун толел рук1ана.

Т1адег1анав  Аллагьас гьезул х1акъалъулъ абуна: «Гьел лъик1ал Аллагьасул лагъзал руго ракьалда т1ад жал бигьаго, тамахго хьвадулел  (ч1ух1и рец гьеч1ого) ва жагьилал г1адамаз квешаб жоялдалъун хит1аб гьабураб мехалъ гьезда «салам»- абун толел»- абун. гьезда релъараб г1амал гьабич1ого, квешлъи гьабич1ого толел.

Цогиги Аллагьас абуна:  «Жидеца лъик1аб жоялдалъун квешаб жо нахъ ч1валел руго гьел»- абун. Ай квешлъи гьабурасе лъик1лъи гьабулел руго абураб маг1на.

Дунялалдаса жиндие бугеб бут1а нукъсан (дагьаб) гьабун г1адамазулгун х1ал рекъезаби суннатаб буго, амма дин нукъсан гьабун х1ал рекъезабизе х1арамаб буго. Гьалдасан бич1изе ккола г1асиял фасикъал г1адамалгун гьудуллъи тезе кколеблъи.

Цоцазе насих1атал гьарун кагъталги хъвалаан гьел свалих1иназ ва гьеб насих1ат гьабиялдасан рохун, рецц гьабун данде жавабги гьабулаан «баракаллагь» абун. гьанже г1адамазул х1ал г1аксалда ккун буго. Гьезда лъик1аб жо бицун насих1ат гьабуни гьез дур г1айибал ц1ехон гьел г1адамазда рицун мун г1одог1ан гьавизе къасд гьабулеб буго.

Мун ц1уне диналъул вацц, дурго г1амалал лъик1аллъун рихьиялдаса ва мун Аллагьасе вокьулев

вугин абун рак1алде ккеялдасан, х1атта г1адамаз дуе рецц- бакъ гьабуниги мун лъик1ав вуго абун. Гьебги ахираталда даража макъам нукъсанлъиялъе сабаблъун бач1улеб буго: лъик1аб г1амалалда данде дуе ажру гьабун батизе бегьулелъул, гьеб ахираталда гьабизе теч1ого.

Цогидазе насих1ат гьабилелде ццебе дурго нафсалда валагьун гьелъие гьабе насих1т ва дуе цогидаз гьабураб насих1тги рихуге, Инша Аллагь дуда бет1ергьан разилъила.

**Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана** г1адамлгун журай дагьал рук1ин ва жалго бат1аго ч1ун т1аг1ат г1ибадат гьаби. Цо шарг1ияб маслих1ат бугеб жоялъе гурони г1адамаздехун журан гут1и. Щивго чиясда данд ч1вач1ого, т1ок1аб, мурад гьеч1еб хабар бицич1ого араб къо гьезий г1ид къог1ан хирияб бук1ана. Г1емер г1адамазде жувазе ккарав чи салафу свалих1иназул нух тарав вуго ва жиндие ахираталъул мунпаг1ат хварав чи вуго.

Цо г1алимас абуна: дида цог1аги мажлис рак1алде щвезабизе к1оларо дун устарзабазухъ зияраталъе араб ва гьеб мажлисалдаги гъибат гьабич1ого хут1араб. Гьедин бук1индал дица зияраталъе ин дагь гьабуна гьел устарзабазулги дирги дин ц1униялъе г1оло, гьезухъ ине бокьич1ого яги к1вах1алъун гьеч1о дун абун. Устарзабигун бугеб мажлис гьадинаб бугеб мехалъ цогидалгун бугеб мажлис кинабха бук1унеб?

Х1асан бин Салих1ица абулаан: дида г1адамал лъалаан цоцадасан рик1к1адги рук1ун жал цоцалазе рокьулел ва жидее цоцада аск1ор щвезе бокьуларел.

Рабиг1 бин Гьайшамица абулаан: цониги чи г1адамаздасан ват1алъун г1ибадат гьабизеян лъугьизе бегьуларо цин жинда т1адаб г1елму лъазе гьабун гурони абун.

Имам Маликицаги абулаан: цин г1елму лъазабе цинги г1адамаздаса ват1алъе абун.

Суфяну Саврияс абулаан: гьаб заман буго рукъзабахъ рахчун, руц1ц1ун ч1ун, чара гьеч1еб квен т1алаб гьабун рук1ине кколеб заман. Дида лъалаан жидеда данделъи рак1азеги чурхдузеги дарулъун рук1унел г1адамал. Гьанже ругел г1адамал руго жиделъ загьро гурони дару гьеч1ел абун.

Гьел свалих1иназул т1абиг1ат бук1ана жидер Аллагьасда г1агарлъи ва г1ибадат г1емерлъи ц1ик1анаг1ан Аллагьасе х1ели, г1адамазе х1алимлъи ва ч1ух1и гьеч1олъи ц1ик1унеб. (гьелда тавазуг1 абула).

Абумуслим Хавланияс абулаан: ч1ух1и-рецц загьир гьабуларо живго г1одог1анав чияс гурони. Х1акъирав чи гурони къадру к1удиявлъун ч1оларо. Бат1улаб жо ккун ч1оларо вижинго къадарав чи гурони абун.

Гьеб тавазуг1алъул бищунго лъик1аб жо буго мун цониги чиясдасан лъик1авлъун вихьунгут1и ва киналго г1адамал дудасан лъик1аллъун рихьи.

Мадина шагьаралъул амирлъун вук1адго Абугьурайрат абулев къадру к1удияв асх1аб базаралдасан мугъалда ц1улал къвалги лъун вач1унаан, «нужерго амирасе нух г1ат1ид гьабе, нужеда Аллагь гурх1аял»- абун абулаго.

Шарг1алъ лъик1аблъун бихьизабураб жо киг1ан гьит1инаб бук1аниги гьез г1одоб толароан. Гьеб жо гьаби аврагасул нух кквей бук1ана ва киг1ан г1емер г1амал гьабуниги т1убараб кири щвеялда рак1 ч1еч1ого рук1унаан.

Х1асанул Басрияс абулаан: нилълъ г1адал г1адамазе суннатаб г1амал бук1уларо, гьеб бук1ула жидер дин камилал г1адамазе абун.

**Аллагь разилъаял свалихlиназул тlабигlат букlана** истигъфар ва тавбу гlемер гьабулел рукlин къасиги къадги, хlатта гlибадат гьабун хадубги.

Гьезда лъалеб букlиналъе гlоло мунагь- хатlаъ гьечlого жал хутlунареблъи ва жидер гlибадат-гlамал камилаб гьечlеблъи.

Мужагьидица абулаан: щибаб радал-бакъанида тавбу гьабуларев чи зулмучи вуго. Гьелъие далилги буго Тlадегlанав Аллагьасул рагlи: «Жинца тавбу гьабичlев чи зулмучагlаздаса вуго»-абураб. ай жиндир нафсалъе зулму гьабулевлъун вуго, гьеб нафс ахираталда гlазаб тlадаблъун гьабун.

Фузайл бин Гlиязица гъазаваталде унел гlадамаздехун абулаан: нужеца тавбу гьабиялда тlадчlей гьабе, гьеб тавбуялъ хвалчаца нахъе чlвалареб жоги нахъчlвала абун.

Гlумар бин Хатlабица абулаан: нуж тавбу гlемер гьабулел гlадамалгун гlодор чlа. гьел руго ракlал тlеренал гlадамал абун.

Ибрагьим бин Адгьамица абулаан: Аллагьас лагъасда тавбу ракlалда щвезабуларо гьев лагъасе гlазаб гьабизе бугони абун.

Дуца тавбуялда тlаде чlей гьабе диналъул вацц, мун дунялалъул рокъов вугебгlан мехалъ. Гьеб тавбу хlал кlой ва гуч бергьарав Бетlергьанасул ццим бахъи свинабулеб жо буго ва муъминчиясе парахатлъиги гьечlо ахираталда щун алжаналда лъугьун гуронани.

**Гьел салихlиназул тlабигlат букlана** лъикlалдалъун амру гьабулеб ва квешаб теян нагьюги гьабулеб, жидерго гlайбал мунагьал ругониги. Гьаб тlабигlатги гьанже бугеб халкъ жиндасан гъафуллъун бугеб буго. Гьезда ракlалда кколеб буго жинца амру нагью гьабулев чи щибго мунагь хатlаъ гьечlев вукlине кколин абун. Гьаб

раг1и г1елмуялда г1амал рекъарал г1алимзабаз нахъ ч1валеб раг1и буго ва гьез абула мунагь гьеч1ев чияс гурони амру нагью гьабулареб батани аварагасдасан хаду гьеб амру нагьюялъе агьлулъун цониги чи гьеч1о абун.

Увайсица абулаан: х1акъаб жоялдалъун к1алъалев чиясе дунялалда гьудул гьалмагъго хут1уларо ва гьесда бач1еб рогьобги, г1унт1изабич1еб мунагьги хут1уларо. Х1акъаб жоялдалъун Аллагьасе г1оло к1алъалев чи г1адамазе жидер гьан кваналев чилъун вук1ула абун.

Х1узайфатица абуна: г1адамазе заман бач1ине буго жидер мажлисал х1амил балканг1ан мах1царал ругел ва жидее гьеб бокьулеб ва амма лъик1аб жо бицулев муъминчиясул мажлисалдасан жал х1амил балканалдасан г1адин лъутулеб абун.

Суфяну Савриясда гьикъана жинца къабул гьабун гут1и лъалев жиясдаги ваг1за гьабизе келиш абун. Суфяница абуна ккела абун, Бет1ергьан Аллагьасда аск1об жиндие х1ужалъун бук1изе жив квешаб жоялде рекъон гут1иялъе абун.

Малик бин Динарица абулаан: х1акъаб жо г1одилаго нахъе унеб буго бат1улаб жо белъанхъулаго т1аде бач1унеб буго. Жидеда нахъеги рилъунел, жидеца х1акъаб жоги бицулел бах1арзал т1аг1ун руго ва нахъе хут1ун руго цоясул г1айиб цояс бац1улел бат1улаб, мункараб жоялъул агьлу абун.

Гьанже дуца пикру гьабе диналъул вац, гьаб т1ехьалда хъвараб жоялъул ва дур нафс кисинаб къокъагун бугеб: х1акъаб жоялъул агьлугунищ яги дунялалъ ахират к1оченабун бецлъун г1инкълъун х1акъаб бат1улаб жо бат1а гьабизе лъаларелгунищ.

Жегиги мун валагье щиб жодай дуца гьабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад

жиндалъун воххараб, Исламияб диналъе квер бакъулеб абун. Гьаб заманаялъ г1емерисеб халкъ жидер г1амалалдалъунги, раг1иялдалъунги Аллагьасул бац1адаб шариг1ат хвезабун хьвадулеб буго ва мункараб жо бихьараб мехалъ гьелда руц1ц1ун ч1олел руго.

Жегиги кват1ун гьеч1о дуда Аллагь гурх1аяв, х1акъаб жо кквезе бат1улаб реххизе ва г1адада араб заманаялъе кафаратлъун бук1ине лъик1аб г1амал г1емер гьабизе.

Хирияв Аллагь Мух1аммад аварагасул умматалда гурх1ун рух1 бахъи т1аде щвезег1ан тавбу гьабизе рес кьун буго, цох1о х1охьел ц1азе заман дуй хут1ун батаниги тавбу гьабе я дир вац.

***Т1адег1анав Аллагьасдалъун буго лъик1алъе квер бакъиги квешалдаса нахъ ч1вайги. Кинабго рецц ва щукру цох1о Аллагьасе буго.***

## Хадуб раг1и

Гьанже диналъул вац, дие бокьана ц1акъ дир рак1 унтинабураб, гьаб заманалъул бищун къабих1аб фитналъун жиб бугеб ва ццересел г1алимаз ва свалих1иназ жиндир бицен дагь гьабун бугеб руччаби бихьиналго г1адин киналго ишазулъ г1ахьаллъун рук1ин исламалда жаниб захlматаб амру бук1ин бицун дагьаб калам гьабизе.

Гьел свалих1иназ гьелъул калам дагьаб бицун теялъе г1илла буго гьезул заманалъ руччаби шариг1ат ц1унун рук1ин, гьел руччабазул бет1ергьаби (ай эмен рос вац вас) унго унгоял ислам ц1унарал бах1арзал рук1ин. Ва гьаб заманалъ бугеб х1ал бук1инин абун гьезда рак1алда хъат1ун гут1и.

Валлагьи, гьел бах1арзаз хвалчен лъалиниб лъелароан жакъа дунялалда бугеб х1ал гьезда бихьун бук1арабани ва гьал г1адамазда рекъон гьезда гьоркьор ч1еялдасан жалго хвей т1асса бищилаан гьез.

**<u>Гьаб х1алалда нилъ ккеялъе сабаб:</u>**

Аллагьасул тушбаби Маркс Ленин ва цогидалги ургъун бат1улаб г1елму бахъун, Аллагьасул нухалдасан халкъ къосизабун хьвадарал г1адамазул г1адлу-низам т1ад ккана. Мут1иг1лъич1ел муъминзаби, свалих1инал гьоркьосан ч1аран, халкъ жидер к1алдиб балагьун ч1езаруна ва кинабго амруги гьез диналде данде, гьелъул г1аксалда бахъана.

Гьеб х1алалъ куцараб, ццулъараб халкъ хадуб щайт1анги хьвадун унго-унгояб жужах1алъул нухалда лъуна. Гьаб кинабго амру Аллагь гьафуллъун ккеч1о ва гьеб Аллагьу Таг1алаясда

лъалеб, нилъ жинда нахъ рег1улареб х1икмат жаниб бук1ун лъугьана.

Гьел диналъул тушбабаз абуна исламияб диналъ ч1ужуг1адан г1одог1ан гьаюлин х1акъир гьаюлин, гьелъухъ кинабг1аги ихтияр гьеч1ин ва жидеца гьей ч1ужуг1адан эркен гьаюлей йигин абун. Х1алт1изеги ц1ализеги бокьаралъул хьвадизеги ихтияр кьунин дуе абуна.

Гьединго щайт1ан лъороб кьинлъараб агьлуялъ ихтияр кьун гьел руччаби рукъзабахъан къват1ире рачана. Аллагьасул къураналда ва хирияв аврагасул х1адисалда х1урул г1инзабадаса хириял руго нуж абун жидее сипат гьабурал, исламалъул бах1арзаз жавгьар якъутлъун ц1унун рук1арал гьел мусудул чорокаб агьлуялъ жидер х1ажат т1убазе алатлъун гьаруна.

Г1акълу дагьал ясал кин бокьаниги лазат кепги босун, жидер шагьватги т1убан, инжит гьарун къват1ире рехулеллъун гьаруна. Гьеб инжитаб х1алалъ хурхараб лъимерги бахъун х1ажатханалъубе рехана.

Ц1акъаб ихтияр, ц1акъаб х1урият, ц1акъаб ращалъи гьеч1ищха!

Хириял диналъул ваццалги яццалги, нилъер исламияб диналъ ч1ужуг1адан бихьинчиясдасаги т1ок1 гьайун йиго ва хира гьаюнги йиго. Гьеб раг1и рит1ухъ гьабизе цодагьалго мисалал рачила.

Аллагьас хирияб Къураналда жаниб чамго аяталда амру гьабун буго биккинчиясда жиндир хъизаналъе лъик1лъи гьабе, гьездахун х1еренго вук1а, гьезие нафакъа (квен рет1ел) нукъсан гьабуге абун. Ц1акъго

т1ад ч1ей гьабун буго эбелалъул х1урмат ц1униялда. Рос-лъадиялда гьоркьоб кьерхен ккараб мехалъги росасдасан т1алаб гьабулеб буго ч1ужу берцинго адаб малъун ккводизаеян. Росас гьелъий зулму гьабулеб бугони гьев рос шарг1алда вачун тамих1 гьабун нахъч1вала зулму гьабиялдасан.

Ислам бач1инаг1ан г1арабиязул ч1ух1арал г1адамазул г1адат бук1ана нагагь яс гьаюни ч1агого ракьулъ юкъулеб, жидее нич гьабила абун яги жидер къадруялда рахич1еб бак1алда ригьин гьабизе ккела абун. Къуръаналъ гьеб иш нахъч1вана ва гьел ясалги нужги рижулев ва хьихьулев жив вугин абун, Аллагьас х1арам гьабуна гьедин ясал хвезари.

Хирияб Къуръаналъ ч1ужуг1аданалда т1ад къалеб жо буго Аллагьасул амру нагью т1убай, гьес т1аде лъураб фарз т1убай. Шарг1алда балагьараб мехалъги гьей ч1ужуг1адан ц1акъ бигьаяб амруги т1ад къан тун йиго: Жиндир Бет1ергьан Аллагьасе г1ибадат гьабиги, рос вугей ч1ужуг1адан шарг1алада рекъараб амруялъулъ гьев росасе мут1иг1лъиги. Цогидаб кинабго амру бихьинчиясда т1ад буго. Гьел ручабазе рет1ел-квен кьейги, мина-рукъ кьейги, унтани дару гьабиги хведалго т1убазеги.

Бихьинчиясе алжаналдалъун рохел бицун буго Аллагьас т1ад лъураб фарз т1убан хадуб цогидаб заман хъизан- лъималазе эбел- имсуе нафакъа кьеялда, гьеб х1алалаб нухалда т1алаб гьабун ине гьабуни. Ч1ужуг1адамалъе алжаналдалъун рохел бицун буго жиндир миллат гьабулев чияс (ай рос вук1а эмен вац вас вук1а) кьураб нафакъаги кванан Аллагьас т1ад къараб г1ибадатги гьабун ккадани. Гьалъу пикру гьабурав чиясе цоги щибго жо х1ажат

гьеч1о шарг1алда ч1ужуг1адан жиндир х1урмат ц1унарай йик1ин лъазе.

Аварагасул г1емерал х1адисал руго жиндир эбел, яц, яс берцинго хьихьарав чиясе алжан бугин абун нуг1лъи гьабулел. Хирияв аварагасда цо асх1абас гьикъидал дий алжан щолеб г1амал щиб абун, аварагас эбел рази гьеян абуна. Хадубги гьев асх1абас к1иц1ул т1адвуссун алжан щолеб г1амал щибан гьикъидал, эбел рази гьаеян жаваб кьуна аварагас. Гьай эбелги ч1ужуг1адан йиго.

Цоги х1адис буго исламияб тарбия кьун лъабго яс россасе кьурав чиясе алжан буго абун, ясал жиделъ баракат бугел руго абун. Гьал ясалги ч1ужуг1адан йиго.

Масала россас ч1ужуялъе бежун чед кьезе ккола ва цогидаб гьей х1ажалъулеб жо гьелда аск1об ч1езабизе ккола. Лъимер гьабураб мехалъ лъабго къоялъ гьеб лъимерги хахизе гьабун, дие мухь кьунгурони гьеб лъимер хахизе гьабиларин ч1ужу ч1ани, гьелъие мухь кьезе т1адаб буго. Гьанжеги пикру гьабе диналъул вац, исламияб диналъ к1иг1ан ч1ужуг1адан к1одо гьаюн йигеб.

Гьел руччабазе эркенлъи, ихтияр кьуна абулел Аллагьасул тушбабаз, гьел руччаби завод-фабрикалда, х1атта шахтазда жаниб захlматал х1алт1аби гьаризе т1амун гьезул чорхол узданлъи, х1еренлъи, гьезул т1абиг1аталъул недегьлъи, тамахлъи хвезабуна.

Россасе ч1ужулъиги лъималазе эбеллъиги гьабун тезе кколеб бак1алда, россасе ва лъималазе гьабизе кколеб хъулухъ гьабун хадубги къват1ие яхъун щибаб къойилго гьабулеб х1алт1иги ч1алг1ун гьей

ч1ужуг1адан ццидал ц1урай, росс вокьуларей, лъималаздасан рак1 бикъарай (т1урай) лъугьана.

Жидеца талих1аб г1умру кьуна руччабазе абулел тушбабаз, рек1ел бакъваялъ рукъ тун рос тун росо тун къват1ире унел, къват1ахъе ч1ун тамахьо ц1ан, мехтулеб жо гьекъон, наркотикал х1алт1изарун, зина, ц1огь гьабун хьвадулеллъун гьаруна гьел.

Гьаб кинабго жо бихьулеб, лъалеб бугониги капуразул зулмуялдаса х1инкъун къват1иве вахъун к1алъазе к1олев г1алимчиги вук1ич1о. Нагагь к1алъаниги гьесда г1енеккулев чиги вук1ич1о. Ц1акъ кутакаб г1инкълъи, бецлъи, рак1 биццалъи ва ч1ег1ерлъи лъугьизабуна заг1ифав инсанасулъ, рихьулел щайт1аби атиисталги ва рихьуларел унго-унгоял щайт1абиги хадур лъугьун.

Бет1ергьанасул х1укму-къадаралдалъун гьел тушбабазул зулму т1асса босана, ва амма ц1акъ зах1матаб бит1изабизе к1олареб, бицун жо бич1улареб г1ел хут1ана г1алимзабазеги свалих1иназеги тарбия кьезе ва х1акъаб жоялда ах1изе. Иншааллагь, живго Бет1ергьнасда хьул буго жив разияб динул исламалда рач1ине гьел кант1изарила абун.

Кинвго жинца жиндир къадру гьабулев, жиндир бах1арчилъи г1аданлъи бугев бихьинчиясда т1адаб буго бищунго ццебе гьел гьалаглъарал пасадлъарал инжитлъарал нилъерго бусурбаби-руччаби гьеб квешаб мах1цараб чорокаб гвандинисан къват1ире рачизе, ва гьел унго-унго эркенал уздинал, жидер адаб гьабулел, х1урмат ц1унаралллъун гьаризе.

Рач1а диналъул ваццал, нилъеца т1ад босизе бихьиназул налъи: Нилъерго хъизан нилъеца

хьихьизе ва куцазе ва ц1унизе. Рач1а диналъул вацал, къват1ахъе свердулел жалги рук1ун, «кисан щваниги шиб маг1ишат»- абун руччаби-лъималги х1алт1изе т1амун, х1арамлъи х1алаллъи хал гьабич1ого хьвадулел х1алихьатал къадарал г1адамазул г1амал-хасият г1одобе реххизе.

Нилъеда бихьулеб буго маг1арулал ц1акъго къадарал лъугьун рук1ин жидер хъизан ц1униялъул рахъалдасан. Исламияб дин хал гьабич1ого Къавкъазалъул халкъазул г1адатазда балагьаниги нилъеда бихьулеб буго ч1ужуг1адан ц1унулеблъи, гьей сапаразда дарамазда бихьиналгун жураялдасан гьукъулеблъи. Масала гуржиял, арменал, азербайджанал биккинал рук1уна квен-т1ех гьабулеб, гьеб бичулеб бак1алде х1алт1улел ва бихьиназе гьеб кьолел. Дагъистаниял къавкъазалдаго сурун руго нилъер руччаби даран-базаралъе къват1иреги хьвадун, гьениб гьез гьабулеб чорокаб г1амалги халкъалда загьирлъун. Кагъаталда хъвазеги к1алалъ бицизеги к1олареб инжитаб, сурараб хабар буго гьел дармихъабаздасан.

Кинабго гьеб хабар бит1араб гьеч1ониги, киналго руччабиги инжитал гьеч1ониги, лъидаго лъала ч1ужуг1адан къват1ие ккараб мехалъ заг1ипаб жо бук1ин ва цояз бокьун гьабулеб батаниги, цогидаз бокьч1ониги инжитаб гьабизе кколеблъи. Нилълъ киналго сапаралда унел, вакзал-базар, пойизд-гамаги бихьулел, гьениб хьвадизабулеб жоги лъалел г1адамал руго.

Дагьавниги живго жинца г1аданлъун рик1к1унев чи (динияб рахъ хал гьабич1ого) гьаб х1алги лъалеб бук1ун, жиндир яс яцги сапаралда йит1ун рокъов ч1оларо. Кинабго г1айиб гьеч1о гьел къват1ир

хьвадулел руччабазда, гьезул нусгоялда гьоркьой цо йик1уней ятила эмен вац рос гьеч1ей ва гьединго жидер г1оркь ккурав бихьинчияс малъараб гьабуларейги.

Кинабго г1айиб буго гьел руччабиги къват1ире рит1ун гьез, черх бичунги бач1араб хинк1ги кванан бецавлъун г1инкъавлъун жив хьвадулев х1алихьатав бихьинчиясда.

Исламияб рахъ хал гьабун ч1ужуг1адан ц1акъго чара хвараб жоялъе гурони къват1ие яхъизе бегьуларо. Гьедин яхъараб мехалъги жий ч1ужулъун ячине бегьуларев г1агарав чи яги рос вук1ине ккола гьейгун цадахъ. Гьев чи гьеч1ого къват1ие яхъулей йгони жинда цадахъ божарал уздинал руччаби рук1ине ккола ва гьел руччабазул цоялъениги рос вац васлъун вугев, шарг1алда хиянат бихьич1ев чи вук1ине ккола.

Гьеб къват1ире рахъинги шарг1ияб рет1елги рет1ун бихьиналгун жорайги гьеч1ого, хиянат- зулму гьабиялдасан божилъи бугеб бук1ине ккола. Гьаб жакъасеб къоялда балагьараб мехалъ ч1ужуг1адан сапаралда ине бегьулеб нух щвей ц1акъ зах1матаб амру буго. Росас живги рокъов ч1ун ч1ужу дарамалда йит1улей йик1ин ц1акъ х1арамаб, живги ч1ужуги жужах1алда рехулеб амру буго.

Масала: рос рази гьеч1ого ч1ужу рокъоса къват1ий араб мехалъ гьей аск1осан араб щинаб жоялъ ва гьей йихьн щинаб жоялъ гьелъие наг1ана кьолин абун аварагвсул х1адис буго. Росги разилъун ч1ужу х1арамаб сапаралда араб мехалъ гьеб наг1ана ч1жуялъеги росасеги к1иязего буго.

Хириял маг1арулал, дир диналъул вацал, нуж Аллагь цо гьавулеллъун ратани, авараг рит1ухъ гьарун хьвадулелги ратани, исламияб дин кквезе бокьаралги ратани:- Аллагьасул алжаналда хьулги лъун, жужах1алдасанги х1инкъун, шарг1иял ах1камал лъазаре ва хьвадизаре.

Ва нужерго хъизанал хасго яцал ручаби ясал исламияб нухалда куцае, гьезие вехьлъи гьабе ва мунго дунял- ахираталда талих1ав вук1иналъе гьеб аслулъун бук1ин лъай.

Жиндир иман заг1ифав, диналъул к1вар гьеч1ев маг1аруласдаги гьарула дица: дурго ях1- намус, инсул ва росдал ц1ар, маг1арул миллат ц1унун, гьелъул х1умат гьабун, дуцаги дурго хъизаналъе вехьлъи гьабе ва гьел къват1ахъе тоге.

Ле маг1арулав! Бичизе г1аркъил шишаги тамхьил кисаги кодоб кквезабун, къват1ул гьаби сунт1инаризе къот1ной ч1уги ясги яцги лъоге, гьеб ц1акъ инжитаб жо буго бах1арчиясул бералдалъун балагьараб мехалъ.

Гьаб кинабго ваг1за -насих1ат дийги ножойги буго. Бет1ергьан Аллагьас х1акъаб нухалда т1урит1еги ва гьеб х1акъаб нух кквезе тавфикъги кьеги. Дидаги нужедаги нилъер хвараздаги Аллагьги гурх1айги. Хирияв х1абиб Мух1аммадгун гьесул асх1абзабигун алжаналда дандеги гьареги, Амин !!!

***Гьаб т1ехь хъван лъугьана гьижрияб 1414 аб. соналъул ражаб моц1алъул 16 аб. къоялъ. Миладияб 1993 сон.***

## Ал-ашбал

### Т1адег1анав Аллагьасул калам Къуръан баян гьабулел г1елмаби ва гьеб ц1алиялъул хиралъи ва адабал рицунеб калам

Хирияб Къуръан буго т1адег1анав Аллагьас жиндие вокьулев Мух1аммад аварагасда решт1инабураб т1ехь, гьелдалъун жинца г1адамал жагьиллъиялъул бец1лъиялдаса иманалъул нуралде рачине, куфру-ширкалъул, зулму-х1алалалъул, талих1 къосиналъул нухдасан гьел хвасар гьаризе.

Т1адег1анав Аллагьас абуна:

الٓرۚ كِتَٰبٌ أَنزَلۡنَٰهُ إِلَيۡكَ لِتُخۡرِجَ ٱلنَّاسَ مِنَ ٱلظُّلُمَٰتِ إِلَى ٱلنُّورِ
بِإِذۡنِ رَبِّهِمۡ إِلَىٰ صِرَٰطِ ٱلۡعَزِيزِ ٱلۡحَمِيدِ

**Гьаб буго Мух1аммад, Дица дуда решт1инабураб т1ехь, дуца г1адамал куфруялъул ва жагьиллъиялъул бец1лъудасан иманалъул нуралде рахъинаризе, гьезул Бет1ергьанасул изнуялдалъун ва кумекалдалъун. Жив веццарав, жиндир гьунар-гуч бергьарав Аллагьасул нухалде гьел ах1изе.** сурату Ибрагьим, 1 аят

**Къуръан буго халкъ бижарав Халикъас гьеб халкъ т1обит1иялъе ва гьезие лъик1лъиялъе лъураб къанун (закон). Гьаб Къуръан хирияв аварагасде решт1инабуна т1адег1анал х1икматазе г1оло ва къиматал мурадазе г1ологи. Гьездасан буго:**

- Т1адег1анав Аллагьасул нухалде г1адамал т1орит1улеб ва гьел абадияб бахьи буголъиялде рачунебги бук1ине.

Т1адег1анав Алагьас хирияб Къуръаналда жаниб х1акъаб дин баян гьабун буго, Аллагьасе бит1ун г1ибидат гьабиги бицун буго, пайда г1емераб ваг1заги, г1елму гъваридаб г1акълуги, къимат к1удияб т1абиг1атги баян гьабун буго, берцинаб мац1алдалъун насих1атги гьабун буго.

Гьеб кинабго жо буго лък1лъи бокьараб къавмалъе ва г1акълу бугеб жамаг1аталъе жидер дунялияб ва динияб ишалъулъ чара гьеч1ого гьел жинда х1ажалъулеб. Гьединлъидал Къуръан буго Аллагьас решт1инарурал т1ахьазул бишунго лъик1аб, жиб даимго нахъе ц1унун хут1улеб, инсанасул киналго х1ажатазе жинца нух малъулеб далил ва имам.

- Хирияв авараг жинца бицунеб жоялъулъ рит1ухъав вук1иналде т1орит1ел гьабулеб муг1жизатлъунги бук1ине.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагас г1адамал ах1ана гьезул х1акъав Бет1ергьанлъун вугев Аллагьасе г1ибадат гьабиялде, гьев Аллагьасдехун ширк гьабиялдаса ва цогидал загьиралги бат1иналги къабих1ал ишаздаса гьел нахъеги ч1вана. Гьев расулас г1адамаздеги абуна:

«Дун Аллагьасул расул вук1иналъе далилльун ва дие муг1жизатлъун хирияб Къуръан буго. Нужеда к1олеб батани гьеб Къуръаналъул цох1о сураталда релълъараб жог1аги гьабеха нужецца»-абун. Гьезда гьеб гьабизе к1веч1о, киг1анго пасих1аб къавмлъун гьел ругониги ва гьел аварагасдаса къун, г1одорг1анлъун хут1ана. Къуръан Аллагьасул калам

бук1инги, Мух1аммад гьесул чапар вук1инги гьедин х1акълъана.

- Жиб ц1алун, рек1ехъе лъазабун, жиндилъ пикру гьабун ва жиндир х1укмуялде нахърилълъун г1адамал Аллагьасде г1агарлъиялъе сабаблъунги бук1ине.

Муъминчиясда хирияб Къуръан Аллагьасул калам бук1ин лъай буго бищунго багьа т1адег1анаб иш. Къуръаналъул бицун рач1арал х1адисал ц1акъго г1емер руго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *Т1адег1анав Аллагьасул т1ехьалдаса цох1о х1арф ц1аларав чиясе лъик1лъи буго (кири буго). Цо лъик1лъи анц1го нухалъ ц1ик1инабун бук1уна. Дица абуларо алиф, лам,мим абураб раг1и цо х1арф бугин. Алиф х1арф буго ламги х1арф буго мимги х1арф буго»*-абун.

Маг1на лъач1ониги жиб ц1алун кири щвей цох1о Къуръаналъе бугеб хаслъи буго. Цогидаб жоялъул жиб ц1алиялдалъун кири бук1унаро, гьелъул пикру гьабун, гьелдаса бич1ч1араб жо хал гьабун гурони. Диналъул аслолъун гьабураб какилги инсанасе кири гьеч1о гьеб какалдаса жиндие бич1ч1араб жоялда релълъараб гурони.

Тирмизияс Абусаг1ididаса бицараб х1адисалъулъ буго: *«Аллагьасул расулас абуна: Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго: «Къуръан ц1алиялъ дидаса жо гьариялдаса машгъул гьавурав чиясе Дица гьараразе кьолелдасаги лъик1аб жо кьезе буго»- абун.*

Г1абдуллагь ибну Масг1удидаса бицараб х1адидсалда буго:

*«Аллагьасул расулас абуна: гьаб Къуръан буго Аллагьас решт1инабураб рух1ияб квен. Нужеца х1ал к1вараб жо лъазабе гьеб Аллагьасул квеналдаса»-абун.*

Имам Бухарияс Г1усман асх1абасдаса бицараб х1адисалдаги буго:

*Аварагас абуна: «Нужер бищун лъик1ав вуго жинца Къуръан лъазабурав ва жинца гьеб цогидаздаги лъазабурав чи»- абун.*

Гьединго Т1адег1анав Аллагьас жинда т1ад босун буго хрияб Къуръан хиса-сверизабиялдаса ц1уни. Суратул Х!ижриялда абун буго:

إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا ٱلذِّكْرَ وَإِنَّا لَهُۥ لَحَٰفِظُونَ ﴿٩﴾

**Х1акълъунго дун вуго, Мух1аммад, дица Къуръан рещт1инабурав ва дица буго гьеб Къуръан ва гьелъул х1укму ц1унизе.** Ал- Х1ижри, 9 аят

Гьедин Къуръан ц1унараб бук1иналъе г1аламат буго Аллагьас гьеб гьабун бук1ин жиб рек1ехъе лъазабулеблъун. Хирияв аварагас бицараб х1алалъ ццевесес хадусесухъе бицун кьун, щибго хис-бас гьеч1ого жакъа къоялде щвезег1ан гьеб бач1ун бук1инги. Щибаб заманаялъ Аллагьас Къуръаналъул к1авр гьабулел, жидеца гьеб мух1канго лъазабун, хадуб цогидаздеги лъазабун г1умруго гьелъие хъулухъ гьабиялъе кьурал г1алимзаби гьарун рук1инги.

Къуръаналъе хъулухъ гьабун цояз гьелъул пасах1алъиялъул бицана, цогидаз муг1жизатал рицана, цогидаз шарг1иял х1укмаби рицана, цогидаз иг1раб, цогидаз къисса-хабар бицана. Щибаб аят

рещт1иналъе сабаб бицун, жиндир х1укму хвезабараб ва жинца х1укму хвезабураб аят бицун, жидер маг1на мух1канал, жидер маг1на баян гьабич1ого тарал ятал рицун т1ахьал хъвана.

Къуръан ц1ализе кколел къаг1идаби рицана, х1урупал рахъунеб бак1, гьаракь-макъан рекъон ц1алулеб х1ал бицана. Къуръаналда жанир ругел надирал раг1абазе баян гьабуна, Мадинаялда ва Маккаялда рещ1т1инарурал суратал- аятал бат1а гьарун рицана.  Ц1акъго г1емерал г1алимзабаз Къуръаналъе тафсир- таржама гьабуна, гьелъул маг1на ва мурад баян гьабуна.

Гьаб кинабго иш гьадин бук1иналъе сабаб буго щивав инсанасул дулялияб ва ухравияб бахьи буголъи Къуръаналдалъун бук1ин. Гьелъ т1овит1арав чи бахьи бугев вуго, гьелда г1амал гьабич1ев бахьи къосаравги вуго. Гьединлъидал чара гьеч1ого лъазе т1адаб буго Къуръаналъ щиб бицунеб бугеб, сунде ах1улел ругел ва щиб жоялдаса нахъч1валел ругебги.

Къуръаналъе тафсир гьаби буго гьеб баян гьабулеб к1ул, гьелъ жидеда щвей ьабулел к1удиял ва г1емерал хазинаби жинца рич1унеб. Бит1араб ва мух1канаб тафсир бук1ун гурони  Къуръаналъ бицунеб т1орит1ел ва нухмалъи лъазе рес гьеч1о, киг1анго г1емер гьеб ц1аланиги ва такрар гьабуниги.

Къуръаналъул г1елмабазда хурхараб, жиндир цересел ва хадусел г1алимзабаз г1емер бицен гьабураб  масъала буго гьеб хирияб Къуръан г1ажам мац1алде буссинабун гьелъул маг1на баян гьабулеб таржама гьаби. Гьеб масъала баян гьабун Мух1амад Г1абдулг1азим Заркъанияс  лъик1го г1ат1идаб бах1с

хъван буго «Манагьилул г1ирфани фи г1улумил Къуръани» - абулеб т1ехьалда жаниб. Мух1амад Г1абдулг1азимица хъвалеб буго:

Къуръаналъе гьабураб таржамаялда ц1ар лъезе ккола «Къуръаналъул тафсиралъул таржама»-абун. Гьеб таржама гьабиялъул мурадги бук1ине ккола:

- Къуръаналъул берцинлъи ва пасих1лъи бахчараб пардав борхун г1араб мац1 лъаларел бусурбабазе гьлъул раг1абазул маг1на ва мурад баян гьаби. Гьелдалъун жидеда Къуръаналъул маг1на бич1ч1и бигьалъизе ва гьезул иманги ц1ик1ине. Къуръаналдехун бугеб гьезул рокьиги жегиги г1емерлъизе. Гьелъул нухда нахърилълъун жал т1орит1ун ккезе ва гьелъул ралъдалъан жидеца г1елму босизе. Къуръаналъ жинда щвей гьабулеб жо лъан гьелдаса мунфаг1ат босизе ва далил (сабаб) лъан жидер иманги г1елмуги ц1ик1ине.

Гьаб мурад гьадин бук1ин ва тафсиралъе гьабураб таржамаялъул пайда к1удияб бук1ин дуда бич1ч1ула лебалав г1алимчияс Къуръаналъул тафсир бицун дарс ц1алиялде г1енеккидал бук1унеб пайдаялда борцун: жидерго мац1алъ гьезие тафсир баян гьабидалго, гьел жинда х1ажалъулел масъалабиги рициндалго, жиндаса гьел гъафуллъун ругел, гьел мунагьалъулъ кколел х1укмабиги баян гьаридал. Нилъеда бихьун лъалеб жо буго гьедин Къуръаналъул тафсиралде г1енеккарал г1емеразул къасд ккей жидеца гьеб рек1ехъе лъазабизе, гьелъул г1елмаби ц1ализе ва гьеб ц1огидазде лъазабизе.

- жеги ислам босич1ел г1адамаз гьеб таржама ц1алун, гьелдалъун гьезул рек1елъ иманалъул нур лъугьине. Хасго гьаб бат1улаб жо г1емерлъараб,

квешаб щинаб жоялъул хъудиялда нахъе ккун иман-исламалъул гьаракь загlиплъараб заманаялъ хlакъаб жо цlехолел гlадамазе квербакъилъун букlине.

-куфру-ширкалъул агьлуялъ исламалда ва бусурбабада сверухъ бижизабураб квешаб, хъубаб пикру жеги ислам босичlел гlадамазул рекlелъан нахъе инабизе сабаблъун букlине.

Гьел гьересиял, хъубал хабарал хирияв Мухlаммад аварагасул хlакъалъ рицуна, Къуръан гьереси гьабун, гьеб Аллагьасул калам гьечlо абунги рицуна. Къуръаналъе таржама гьабулаянги абун гьез жидеего бокьараб жо гьениб жанибги ккезабула. Нилъеца мухlканаб хlалалъ Къуръаналъул мурадги баян гьабун, тафсир ва таржама гьабиялъул шартlалги цlунун, жиделъ ишкал-шаклъи кколел масъалабиги рицун таржама гьабун хирияб Къуръан гlадамазухъе щвезабидалго гьел гьересичагlаз гlуцlцlараб хlилла ва макро биххун уна, хlакъаб нух лъазе бокьаразул беразда канлъиги бихьула.

- тlадегlанав Аллагьас хирияб Къуръан халкъалъухъе щвезабеян гьабураб амру нилъеца тlубараллъунги рукlине. Гьеб Къуръан халкъалъухъе щвезаби тlубаларо гьелъул лафс (рагlаби) ва магlна гьезухъе щвезабун гурони.

Къуръаналъул тафсиралъе таржама гьабураб мехалъ гьелъ щвей гьабула хирияб Къуръаналъул гlарабияб лафсалда ва гьелъул гlажам мацlалде бугеб магlнаялдаги. Имам Суютlияс, Ибнубатlалица, Ибнухlажарица ва цогиги гlемерал гlалимзабаз абуна:

Тlадеганав Аллагьасул вахlю гlадамазухъе щвезаби тlадаб жо буго. Гьеб щвезабиялъул кlиго

къаг1идаги буго: цо вах1ю буго жиндир лафсги, назмуги, (рещт1араб х1ал) маг1наги ц1унун щвезабизе т1адаб. Гьеб буго хирияб Къуръан. Цогидаб буго жиндир маг1на щвезаби г1олеб, лафс ц1унун гьеч1ониги. Гьеб буго Къуръан гуреб жо: х1адисул къудси, аварагас бицараб х1адис ва цогидабги.

Мух1аммад Муст1афа Алмарагъияс Къуръаналъул маг1набазе таржама гьабиялде хурхун бицараб хабаралъул ахиралда абуна:

Къуръаналъ жинда щвей гьабулеб маг1на г1адамаздаса бахчине х1арамаб буго жидер г1елму дагьал г1адамазул пикраби хал гьарун ва гьез рижизарурал г1узраби ц1унун. Гьаб таржамаялда жаниб жидер ният ва дин бац1ц1адал муъминзабазе Аллагьасул диналъе гьабураб к1удияб хидмат (хъулухъ) батизе буго ва самаияб вах1ю бич1ч1иналъе ва лъаялъе квербакъиги щвезе буго.

Т1адехун бицараб жоялъул х1асил буго жиндир шурут1ал т1уран, г1елмияб нух ц1унун ва Аллагь разилъи т1алаб гьабун гьабураб Къуръаналъул тафсиралъе таржама гьаби лъик1аб г1амал бук1ин, ахираталда батулеб хазинаги бук1ин. Гьеб таржама гьабизе бегьуларин ва ц1ализе бегьуларин к1алъалел г1адамалги жидер г1елму гьеч1ел руго, яги шайт1аналъ гуккун, х1ал хъублъун к1алъалел руго.

Т1адег1анав Аллагьас тавпикъ гьабеги лъик1аб г1амал гьабизе. Гьаб таржамаги жиб ц1аларасе ва раг1арасе мунфаг1ат щолеблъун гьабеги. Амин.

Г1алимзаби жинда рекъараб раг1и буго Къуръаналъул раг1абазе таржама гьабун гьелъул Аллагьасе бокьараб маг1на лъазе лъиданиги

к1олароян абураб. Щай абуни г1араб раг1абазул чанго бат1ияб маг1на гьабизе бегьулеб х1ал бук1уна ва цо раг1иялъе цох1о маг1наги гьабун «гьаб бугин Къуръаналъул маг1на»-ян аби х1арам буго.

Тафсир гьабиялъул маг1на буго г1алимчияс жиндир г1елму ва г1акълу нахъ рег1араб х1алалъ Аллагьасул каламалъе хъулухъги гьабун : «дир пикруялда рекъон гьаб мурад батизе бегьула гьаб каламалъул»-ян аби. Гьедин гьабидалго гьелъ рес кьола цоги бат1ияб пикру бицун к1алъалесдаги г1енеккизе.

Къокъго абуни: таржама гьаби буго щибаб раг1иялъул мух1канаб маг1на гьабун гьеб цоги мац1алде буссинаби. Тафсир гьаби буго цо мац1алде ругел раг1абазул бук1ине бегьулеб маг1на-мурад баян гьаби. Гьаб к1иябго жо цоцада релълъараб гьеч1о. Гьединлъидал Къуръаналъе тафсир гьабула г1араб мац1алдеги ва цогидал мац1аздеги, амма таржама гьабуларо.

Цоги жинда кант1изе кколеб жо буго: таржама гьабураб мехалъ гьеб таржамаялъ баян гьабизе ккола аслуялда бугеб раг1иялъул кинабго мурад. Хирияб Къуръаналъул мурад буго гьеб Мух1аммад аварагасе муг1жизатлъун бук1инги. Гьаб мурад кинха к1олеб таржама гьабун баян гьабизе!

Цоги жинда кант1изе кколеб жо буго: Къуръан ц1алиялъул хассаб кири буго. Гьеб кири щоларо г1араб мац1алда бугеб х1алалъ х1урупазул махраж ва тажвидалъул х1укмуги ц1унун гьеб ц1алун гурони. Къуръаналъул тафсир ц1али ва гьелъул пикру гьаби, гьелдалъун Т1адег1анав Аллагьасул каламалъул маг1на ва мурад лъазаби ва гьелда г1амал

гьаби – гьаб буго бат1ияб масъала ва гьалъул жиндирго кириги буго.

Г1алимзабаз абуна: Къуръаналъул тафсир ва гьелъул таржама хъвалеб мехалъ гьениб цадахъ хъван хирияб Къуръанги бук1ине ккола. Хадуб гьелъул къокъаб маг1на хъвала, цинги щибаб бак1алда рекъараб баянги хъвала. Г1арабалъ Къуръаналъул аяталги хъвач1ого г1иц1ц1аб тафсир хъвай х1арамаб буго. Гьеб буго Къуръаналда релълъараб жо гьабулев чиясул мисал.

Имам Суют1ияс данде гьабураб «Ал иткъан фи г1улумил Къуръан»- абулеб т1ехьалдаса росун хирияб Къуръан ц1алиялъул дагьалго адабал рицина:

- Къуръан ц1алулев чи какие чурун вук1ине рекъараб буго: гьеб бугелъул азкаразул бищунго хирияб. Бац1адаб бак1алда ц1ализе суннатаб буго, масжидалде жаниб ц1али бищунго лъик1 буго.

- къиблаялде вуссун г1одов ч1езе, Аллагьасе х1елун, бет1ер г1одоб т1амун ч1езе рекъараб буго.

- к1ал бац1ад гьабизе сивак бахъизеги суннатаб буго.

-Къуръан ц1ализе бай бихьилелде ццебе <u>аг1узу биллагьи</u>… абизе суннатаб буго. Щибаб сурат ц1ализе ццебе <u>биссмиллагь…</u> абизеги лъик1аб буго. Сураталъул гьоркьоб бак1алдаса ц1ализе бай бихьаниги бисмиллагь абизе лъик1 буго.

- г1едег1ич1ого, пикру гьабун, х1урупазул х1акъ т1убан ц1ализе лъик1 буго. Щибаб аяталъ бицунеб жоялъул пикру гьабун, рах1маталъул бицараб мехалъ роххел щун, г1азабалъул бицараб мехалъ рак1 пашманлъун ц1али буго кири г1емер щолеб.

Масала: г1едерги ц1алун к1иго жуз ц1аларасе щибаб х1арф рик1к1ун щолеб кириги, пикру-тадбирги гьабун цо жуз ц1аларасе щолеб кириги хал гьабураб мехалъ – к1иго жуз ц1аларасул кири г1емераб буго, цо жуз ц1аларасул кири къимат т1адег1анаб буго.

- Къуръаналда жанир ругел г1азаб бицарал ва х1инкъи кьей бугел аятал ц1алараб мехалъ рак1 пашманлъун г1одизе рекъараб буго: Аллагьасул г1азабалъул кутак хал гьабун, жиндир нафсалъул к1арччанлъи ва г1айибал хал гьабун.

- берцинаб гьаракьалъ ц1ализеги суннатаб буго. Цоги чиясе ташвиш-зарал гьеч1они гьаракь борхун ц1алиги мунфаг1ат бугеб буго: гьелъул асар ц1ик1араб бук1уна, раг1арасеги мунфаг1ат гьабула, ц1алулесул рак1ги тирхула, макьу-гъафлатги т1асса уна.

- берцинаб гьаракьалъ мух1канаб х1алалъ Къуръан ц1алулев чиги гьеб ц1ализе виччан гьесухъ г1енеккизе суннатаб буго. Цояз ц1алун цогидал г1енеккун иргаялда ц1алиги асар щолеб бук1уна.

- рак1ихъ ц1алиялдаса Къуръаналда т1адги балагьун ц1али кири г1емераб буго: Къуръаналда балагьиги г1ибадат буго.

- суратазул ва аятазул тартибалда ц1ализе рекъараб буго. Цо сурат ц1алун т1убан хадуб цогидаб ц1ализе бай бихьила. Аятги т1убан ц1ализе рекъараб буго.

- Къуръан кинабго заманалъ ц1ализе лъик1 буго. Какилъ ц1али, сардилъ т1аде вахъун ц1али, рузман сордо-къоялъ ц1али кири г1емераб буго.

- щибаб анкьго къоялда жаниб Къуръан ц1алун т1убайги лъик1 буго. Гьедин ц1алулеб бугони рузман къоялъ бай бихьун хамис къоялъ т1убазабила. Къуръан т1убадалго дуг1а гьаби суннатаб буго: гьеб буго жаваб гьабулеб г1уж. Жиндир агьлу-хъизан данделъун дуг1а гьаби г1емерго лъик1аб буго.

- Цо Къуръан ц1алун т1убарабго цогидаб бай бихьун тезеги суннатаб буго. Ибну г1аббасидаса бицараб х1адисалда буго: *Аллагьасул свалт салам лъеяв аварагас «къул аг1узу бирабби ннаси» ц1алун хадуб суратул фатих1аги бакъараталъул аввалги ц1алулеб бук1ана. Цинги Къуръан ц1алун т1убаялъул дуг1аги гьабулеб бук1ана* – абун.

- «Ва ззух1а»- ялдаса бай бихьун щибаб сурат ц1алун хадуб «Аллагьу акбар» абиги суннатаб буго.

- Къуръан ц1алиялъул сужда гьабизе кколеб бак1алда суждаги гьабила. Гьеб сужда гьабула жинца ц1аларас ва жинда цогидас ц1алулеб раг1арасги.

- Къуръан ц1алиги гьоркьоб къот1изабун г1адамаздехун к1алъай карагьатаб буго. Гьеб ц1алулаго щиб бугониги г1ададисеб жо гьабулев вук1инги рекъараб гьеч1о.

- г1ажамияб мац1алъ (таржама гьабун) Къуръан ц1ализе бегьуларо какилъ бугониги цогидаб бак1алда бугониги. Ай: как балев чияс г1араб мац1алда бугеб х1алалъ гурони Къуръан ц1ализе бегьуларо. Какилъ гьеч1ев чияс Къуръаналъул раг1иги абун хадуб гьелъул маг1на бицун гурони Къуръаналъул маг1на бицизе бегьуларо.

- Къуръан ц1али маг1ишат т1алаб гьабиялъе сабаблъун кквезеги бегьуларо.

Цогиги г1емер суннатал ва адабал  руго Къуръан ц1алиялда ва гьелъул х1урмат гьабиялда хурхарал. Т1адег1анав Аллагьасул калам бугелъул гьеб жиндир къадро к1удияб т1ехь буго. Щибаб жоялъул къадроялда релълъараб бук1уна гьелъул адаб-х1урмат гьабиги.

**Т1адег1анав Аллагьас тавфикъ гьабеги гьесул хирияб калам ц1ализе, гьелъул х1урмат гьабизе ва гьелда рекъон г1амалги гьабизе. Амин.**

## Къуръаналъул цо-цо суратазул ва аятазул хиралъи

Къуръаналъул цо-цо суратазул ва аятазул хиралъи бицарал х1адисал г1емер руго. Гьезул киналго сах1их1ал (бит1арал) гьеч1елъул, дица цо чанго сах1их1аб х1адис бицун тела:

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасидаса х1адис бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Жабраил малаикасда аск1ов г1одов ч1ун вугеб мехалъ гьесда зобалаздаса цо гьаракь раг1ана. Жабраил зодихъехун валагьана ва гьес абуна: «Жакъа гурони рагьич1еб зобалазул каву рагьана»- абун. Цинги гьенисан г1одов цо малаик решт1ана. Жабраилас абуна: «Жакъа гурони решт1ич1ев малаик решт1ана зодисан»- абун.*

*Гьев малаик аварагасда аск1ов вач1ана, гьесие саламги къун жинца абуна: « дуе рохел буго Мух1аммад, Аллагьас дуе кьураб к1иго хиралъиялдалъун. Дуе гурони гьеб лъиего кьунги бук1инч1о. Гьеб буго суратул фатих1а ва суратул бакъараталъул ахираб к1иго аятги. Гьезул щибаб х1арф ц1алунишинахъе дуе сайгъат кьола»-абун.*

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнумасг1удидаса х1адис бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Щив чияс сардилъ суратул бакъараталъул ахираб к1иго аят ц1аланиги гьесие гьелъ г1ейи гьабизе буго» – абун.* Ай гьесда гьеб сородоялъ зарал хъат1изе гьеч1о.

Муслимица х1адис бицана: Аллагьасул свалт салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужеца рукъзал хобалазде сверизаруге* (ай рукъоб Къуръан ц1але). *Суратул бакъарат ц1алулеб рукъосан шайт1ан лъутун уна»- абун.*

Абу умаматидаса х1адис бицана: Аллагьасул свалт салам лъеяв аварагас абуна: *«Щибаб паризаяб какда хадуб Аятул курсий* ( Аллагьу лаилагьа илла гьува…) *ц1аларав чи алжаналдаса рик1к1ад гьавун гьеч1о*

*хвелалъ гурони»-абун.* Ай гьев чи хун хадув алжаналде лъугьуна.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратица х1адис бицана*: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас дун тун вук1ана Рамазан моц1алъ закат бахъун бач1араб т1оршел ц1унизе. Цо нухалъ гьеб т1оршел бикъизеян вач1арав чи дица ккуна ва гьесда абуна дица мун аварагасухъе вачине вугоян абун.* (Лъабго сордоялъ т1ат1алаго вач1ана гьев т1оршел бикъизеянги абуна цо биценалда). *Гьев чияс абуна: «Дуца дун аварагасухъе вачич1ого тани дица дуда цо лъик1аб жо лъазабила, Аллагьас дуе г1емераб кири хъвалеб. Мун кьижизеян бусаде вегараб мехалъ дуца Аятул курсий ц1але. Гьедин ц1алараб мехалъ Аллагьас рогьинег1ан мун ц1унулев чи тола ва шайт1аналда к1оларо дуе щибго зарал гьабизе»- абун.*

*Дица гьаб хабар Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда бицидалго гьес абуна: «Гьелъ бит1араб бицун буго киг1анго к1удияб гьерсихъан гьеб бугониги. Гьеб жо шайт1ан буго»- абун.*

Жинда Аллагь разилъаяв Муслимица бицараб х1адисалда буго: *«Нужеца ц1але к1иго нур бугеб сурат Ал Бакъарат ва Ал Г1имран. Гьеб к1иябго къиямасеб къоялъ жиб ц1аларасе кумекалъе бач1уна»*- абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абусаид Худриясдаса бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Рузман къоялъ суратул кагьфи ц1аларав чиясе нур гвангъун бук1ине буго т1асияб рузман къоялде щвезег1ан»*- абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Ину Г!умаридаса бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв

аварагас абуна: *«Рузман къоялъ суратул кагьфи ц1аларав чиясе гьесул х1ат1азда гъокьан зобалазде щвезег1ан нур бук1ине буго къиямасеб къо ч1езег1ан ва гьесул к1иябго рузман къоялда гьоркьор гьарурал мунагьалги чурула»*- абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абу дардаица бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Сурату кагьфалъул авалаб анц1го аят рек1ехъе лъазабурав чи дажалил фитнаялдаса ц1унаравлъун вук1ине вуго»*- абун.

Х1акимица бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«дица нужеда бицилищ цо чиясда кинаб бугониги къварилъи щвараб мехалъ гьес жиб ц1алани гьесдаса къварилъи т1асса унеб дуг1а? Гьеб буго Юнус аварагасул дуг1а: Лаилагьа илла анта Субх1анака инни кунту мина ззалимина* – абураб.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ах1мадица бицараб х1адисалда буго: *«Дир шейхаз (муг1аллимаз) дида бица жал рук1анин Фузайл бин Х1арисида аск1ор гьев хвалил унтиялъ унтун вугеб мехалъ. Фузайлица гьикъана нужер цонигиясда Ясин ц1ализе лъалищан абун. Цинги Салих1 бин Шурайх1 Ясин ц1ализе лъугьана ва гьес к1икъоабилеб аят ц1алилелде Фузайлил рух1ги босана. Гьединго дир шейхаз бицулаан хвалил унти ч1варасда аск1об Ясин ц1алани гьесул рух1 бахъи бигьалъулин абун».*

Асламица Г1умар асх1абидаса бицараб х1адисалъулъ буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Къасси дида рещт1инабуна кинабго дунялалдаса дие жиб хирияб сурат. Гьеб буго «Инна*

*фатах1налака фатх1ан мубинан»*- абун. Суратул фатх1и.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратиса бицараб х1адисалда буго: Дида Бичасул расул жинца абулев рагl1ана: *«Къуръаналда жаниб буго лъеберго аят бугеб сурат, жиб ц1аларасе гьеб кумекалъе бач1унеб гьесул киналго мунагьал чуризег1ан»*- абун. Гьеб буго Суратул мулки.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас бин Маликидаса бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дуца <u>Къул я аюгьал кафируна</u> ц1але мун къижизе лъугьунеб мехалъ. Гьеб буго ширкалдаса мун рик1к1алъи»*- абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абусаг1ид Худриясдаса бицараб х1адисалда буго: *Цо нухалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир асх1абзабада гьикъана: «Сардилъ Къуръаналъул лъабил бут1а ц1ализе к1олев щив вугев нуженасса»-ян абун. Асх1абзабазе гьеб зах1матаб ишлъун бихьана ва гьез абуна: «Лъидаха гьеб к1олеб я расулуллагь»- абун. Аварагас абуна: <u>«Къул гьува ллагьу ах1ад»-</u> буго Къуръаналъул лъабил бут1а»* -абун.

Жинда Аллагь разилъаяй Г1аишатидаса х1адис бицана:

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас кьижилелде ццебе жиндир к1иябго хъат к1алалда ццебе ккун гьениб жаниб <u>къул гьуваллагьу ах1ад, къул аг1узу бираббил фалакъ ва къул аг1узу бирабби ннаси</u> ц1алулеб бук1ана, цинги к1иябго квер гьумералда, бет1ералда ва черхалъул ццебесеб ва нахъияб рахъалда лъабго нухалъ бахъулеб (лъулъалеб) бук1ана»*- абун. Гьедин гьабурав чи Аллагьас

кинабго квешлъиялдаса ц1унизе вуго ва гьесда аск1об шайт1анги къазе гьеч1о гьев радал т1аде вахъинег1ан.

Жинда Аллагь разилъаяй Г1аишатидаса бицараб цоги х1адисалда буго: *Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг унтараб мехалъ гьес жиндирго квераздa жаниб к1иябго* <u>*Къул аг1узу*</u> *ц1алулеб бук1ана ва гьел кверал черхалда рахъулел рук1ана. Гьев зах1матго унтун вугеб мехалъ дица ц1алана гьеб к1иябго сурат гьесул квераздa жаниб ва гьел кверал гьесул черхалде рахъана»*- абун.

Гьал т1адехун рехсарал Къуръаналъул хиралъи бицарал х1адисал дагьалго жал руго ва кинабго Къуръан жиндир хиралъи ва баракат г1емераб буго. Гьеб Къуръанги жиб ц1алун, жиндир мурад бич1ч1ун, жиндир х1укмуялда нахърилълъун г1адамал хьвадизе г1оло рещт1инабураб буго.

Гьаб хирияб Къуръанги жинда рещт1инабун, Аллагь цо гьавун, г1иц1ц1го цох1о гьесие лагълъи гьабиялда халкъ ах1изе вит1ана хирияв Мух1аммад авараг. Ахираталда щивав инсанасе жинца гьабураб г1амалалда рекъараб жазаъги бук1ине буго. Дунялалъул рокъов вук1адго Т1адег1анав Аллагьасе г1ибадат гьабиялдасаги гъфуллъун лъида бугониги божун ва хьул лъун вук1иналъ ахираталда щведалго инсан хвасар гьавуларо. Хирияб Къуръаналда абун буго:

وَلَا تُخْزِنِي يَوْمَ يُبْعَثُونَ ﴿٨٧﴾.

يَوْمَ لَا يَنفَعُ مَالٌ وَلَا بَنُونَ ﴿٨٨﴾ إِلَّا مَنْ أَتَى ٱللَّهَ بِقَلْبٍ سَلِيمٍ ﴿٨٩﴾

Гьал аятазул маг1на буго:

**Дуца дун х1акъир гьавуге кинабго халкъ тIаде бахъинабулеб къоялъ. Жиндилъ лъималаз ва боцIи-малалъ щибго мунпагIат гьабулареб къиямасеб къоялъ. БетIергьан Аллагьасда цеве купру-ширкалдаса, нипакъалдасан ва хIасадгин цим бахъиялдаса ракI бацIцIадавлъун вачIарав муъминчиясе гьесул иманалъ ва лъикIаб гIамалалъ гурони цоги щибго жоялъ мунпагIат гьабулареб къиямасеб къоялъ.**

Цогиги Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:

يَوْمَ يَفِرُّ ٱلْمَرْءُ مِنْ أَخِيهِ ﴿٣٤﴾ وَأُمِّهِۦ وَأَبِيهِ ﴿٣٥﴾ وَصَـٰحِبَتِهِۦ وَبَنِيهِ ﴿٣٦﴾ لِكُلِّ ٱمْرِئٍ مِّنْهُمْ يَوْمَئِذٍ شَأْنٌ يُغْنِيهِ ﴿٣٧﴾

**Гьеб къиямасеб къо буго инсан жиндирго вацасдасан лъутулеб, жиндир эбел-инсудасанги лъутулеб, жиндир чIужуялдасаги, лъималаздасаги лъутулеб.**

**Гьеб къоялъ щивав инсанасе букIуна жив цогидаздаса мушгъул гьавулеб ургъел ва къварилъи.**

Инсан хвараб мехалъ ч1аго ругез гьесие г1оло зикру бачиги, Къуръан ц1алиги, садакъа кьейги, хобалда аск1об чадирги ч1ван гьениб жаниб Къуръан ц1алун сардал рорч1инги – гьаб кинаб ва гьалда релълъараб цогидабги г1амал буго гьел г1адамазул г1амал ва гьелъул жазаъ гьезие бук1ине буго. Хабалъ суалалал кьун к1ал гьикъулелъулги, ахираталда х1исаб-мизан гьабулелъулги, сират1алдаса рахунелъулги щивав чи ц1акъ х1инкъун, жиндирго

нафсалда машгъуллъун вук1уна, гьениб цояс цогидасе кумек гьабуларо, эбел- инсул, устар-шайхасул квербакъиги бук1унаро.

Гьаб масъала бич1ч1ине т1адаб буго щивав чиясда ва гьес ях1 бахъине ккола жив ч1аго вук1адго Т1адег1анав Аллагьасги, гьесул хирияв расуласги малълъухъин хьвадизе ва абадияб рокъоб жив г1азабалдаса хвасарлъулеб г1амал гьабизе. Г1адамаз ургъун рахъарал нухалги жалго тун Аллагьасул расулас бихьизабураб нухдаса хьвадизе.

Т1адег1анав Аллагьас нилълъеда х1акъаб жо х1акъаблъун бихьизабеги ва гьелда нахъ рилълъине тавпикъги гьабеги. Бат1улаб, бидг1ояб жоялдаса Аллагьас нилълъ рик1к1адги гьареги. Амин.

Ахиралда кинабго рецц ва щукру Т1адеганав Аллагьасе буго жинца нилълъ иман-исламалъул нухалде т1орит1арав. Гьесда гьарулебги буго гьеб бит1араб нухдасан нилълъ къосизе тогеян абун.

Жив к1одо гьавураб свалат-салам хирияв аварагасда лъеги, хадуб гьесул агьлуялда ва асх1абзабада лъеги, гьесул суннат ц1унун хьвадарал киналго муъминзабадаги лъеги. Амин.

11 рабиг1ул аввал 1429 сон 19 март 2008 сон.